# Урысей Федерацэм и Президентыр махуэ 11 дэкIмэ хахынущ!

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№33 (23.691) ● 2018 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 7, бэрэжьей ● И уасэр зы тумэнщ

## «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием и IуэхущIапIэхэр Тэрч, Май районхэм къыщызэIуах




**Урысей Федерацэм и Президент Путин В.В. 2012 гъэм и накъыгъэ мазэм къыдигъэкIауэ щыта указхэр гъэзэщIэным хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуах сабийхэм щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт иджырей IуэхущIапIэхэр. «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием и къудамэхэр Тэрч, Май районхэм щыIэ зэрыхъуам и фIыгъэкIэ, а щIыналъэхэм я сабийхэм ящыщу минихым щIигъум щIэныгъэ гуэдзэн ирагъэгъуэтынымкIэ Iэмалхэр щызэтеуващ. Псори зэхэту иджыпсту республикэм и сабийуэ мини 105-м щIигъу апхуэдэ IуэхущIапIэхэм къокIуалIэ.**

А ПСОМИ я къежьапIэ хъуащ илъэситI япэкIэ Налшык сабийхэм папщIэ щаухуа IуэхущIапIэшхуэр. ИужькIэ абы зиубгъуу хуежьэри, 2017 гъэм и кIэухым сабий академием и къудамэ Тэрч районым щылажьэу хуежьащ. Иджы апхуэдэ дыдэ IуэхущIапIэ хьэзыр щащIащ Май районым. Абы иджыблагъэ щыIащ республикэм и унафэщI КIуэкIуэ Юрий.

Май къалэм и кум къатитIу зэтету щащIа унэщIэм хэтщ иджырей технологиехэм, робототехникэм, проект лэжьыгъэм, нэгъуэщIхэми щыхуагъасэ пэш Iэхуитлъэхуитхэр. Апхуэдэу къэфакIуэхэр, уэрэдым дихьэххэр, макъамэхэр тхыным зыхуэзыгъасэхэр, шахмат клубым къекIуалIэхэр щызэхуэсыну щIыпIэхэри щыIэщ. Зыщагъэгъупщакъым зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ сабийхэри.

«Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Дунейр пшагъуэ-пшатIэми, абы ди гукъыдэжыр зыкIи тщигъэмащIэркъым. Ди республикэм и районхэм «ДыгъафIэ къалэ» сабий академием и IуэхущIапIэхэр щызэтезыгъэувахэм фIыщIэ ин яхузощI. Ар зэфIэкI зыбгъэдэлъ ди сабийхэр дэзыхьэх псоми хуегъэджэнымкIэ лъэбакъуэшхуэщ. Апхуэдэ сабийхэм папщIэ къэралым щагъэзащIэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къыдигъэкIа указхэм япкъ иткIэ ягъэхьэзыра программэ хэха. Дэ адэкIи къарууэ диIэр етхьэлIэнущ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ сабийхэм нэхъри зегъэужьыным, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм яхуэгъэза щIэныгъэхэм ахэр хуегъэджэным. Май районым исхэм, адэ-анэхэм, мы IуэхущIапIэ дэгъуэр къыщIызэIуаха сабийхэм си гуапэу сохъуэхъу», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

IуэхущIапIэщIэр къыщызэIуахым хэтащ Пятигорск, Черкесск щIыналъэхэм я архиепископ Феофилакт, КъБР-м и муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Мисиров Хъызыр, республикэм и министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм, профсоюз зэгухьэныгъэхэ я унафэщIхэр, КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***



## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий балъкъэр лъэпкъым, республикэм ис псоми зэрызахуигъазэр

Гъатхэпэм и 8-м илъэс 74-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я дежкIэ гузэвэгъуэу щыт Iуэхугъуэр. А зэманым тепщэныгъэр зыIыгъа гупым я хабзэншагъэм къыхэкIыу ягъэва пхуэмыгъэзэкIуэжыну хэщIыныгъэхэмрэ гъэхутэныгъэ хьэлъэхэмрэ зыхэтщIэу, дэ а махуэм зыхудогъазэ къуэш балъкъэр лъэпкъым, политикэ щхьэусыгъуэкIэ ягъэкIуэдахэм я фэеплъым пщIэ худощI.

ХамэщIым щателъа гузэвэгъуэмрэ гугъуехьхэмрэ лIыгъэ яхэлъу ягъэври, балъкъэр лъэпкъым щалъхуа щIыпIэм къигъэзэжащ, и щэнхабзэр, бзэр, хабзэр ихъумам къищынэмыщIауэ, зыужьыныгъэ лъагэми хуэпабгъэу. БлэкIа илъэсипщIхэм къриубыдэу абыхэм яхузэфIэкIащ экономикэ, щэнхабзэ ухуэныгъэм ехъулIэныгъэхэр щызэрагъэгъуэтыну, лъэпкъ къэралыгъуэ зэфIагъэувэжыну. Нобэ балъкъэр лъэпкъыр фIыкIэ щыгугъыу поплъэ къэкIуэнум, Урысей Федерацэм лъэпкъ куэду зэхэт и унагъуэм щыщу гъащIэщIэ еухуэ.

Си фIэщ мэхъу, дызэгъусэу дэ гугъуехь псоми дапэлъэщынущ, сыт хуэдэ къалэнри тхузэфIэхынущ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм я зэIузэпэщыныгъэрэ зыужьыныгъэрэ къытхузэгъэпэщынущ.

● Дыгъуасэ

## Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ яIущIащ зи щхьэ IуэхукIэ зыкъызыхуэзыгъэзахэм



ДэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэу республикэм и унафэщIым зыхуагъэзащ Налшык, Бахъсэн къалэхэм, Iуащхьэмахуэ, Бахъсэн, Шэджэм, Прохладнэ районым щыщхэм. Зыхэплъа Iуэхугъуэхэр ехьэлIат уз хьэлъэ зиIэ сабийхэр къэралым и медицинэ центрхэм икIэщIыпIэкIэ гъэкIуэным, псэупIэкIэ щыIэ гугъуехьхэр зэфIэхыным, сабий куэд зыпI унагъуэшхуэхэм защIэгъэкъуэным.

Нэхъ кууэ зыхэплъэн хуей зыхуэгъэзэныгъэхэр зыхуэфащэ министерствэхэм, муниципальнэ щIыпIэхэм я Iэтащхьэхэм пщэрылъ щащIащ, ахэр щызэфIагъэкIын хуей пIалъэр къыщыгъэлъэгъуауэ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● Гъатхэпэм и 8-р Балъкъэрхэр я лъахэм щрагъэкIа махуэщ

## Илъэс 13 зи кIыхьагъ гъуэгуанэ хьэлъэ

**Зи гугъу тщIыр Сталиным и зэманым ялэжьа нэхъ щIэпхъаджагъэ ерухэм ящыщщ. Дэ дощIэ блэкIа лIэщIыгъуэм и 30-50 гъэхэм СССР-м цIыху лажьэншэ минхэр политикэ IуэхухэмкIэ ягъэкъуаншэу, нэгъуэщIу жыпIэмэ, «цIыхубэм и бийуэ» къыщIрагъэдзу зэрагъэкIуэдар.**

АРЩХЬЭКIЭ абыи къыщыувыIакъым: «епцIыжакIуэ» фIащащ лъэпкъ щхьэхуэхэми. Абы и зэранкIэ я лъахэр ирагъэбгынащ шэшэнхэм, ингушхэм, къэрэшейхэм, кърым-тэтэрхэм, тырку-месхетхэм, къалмыкъхэм, нэгъуэщIхэми. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, абыхэм яхэтащ лIэщIыгъуэ куэд хъуауэ къыддэпсэу балъкъэрхэри. Абы щыгъуэми, а лъэпкъхэр щыпсэу щIыпIэм ирагъэкIын папщIэ зы щхьэусыгъуэ гуэри щыIэтэкъым. Япэрауэ, белджылы хъуакIэт фашист Германием кIэ зэригъуэтынур: бийм зэи къигъэзэжынутэкъым хуит къащIыжа щIыналъэхэм. ЕтIуанэрауэ, хуабжьу гугъут лIыжь-фызыжьхэр, никъуэдикъуэхэр, сабий къалъхуагъащIэхэр бий хьэщхьэрыIуэм ядэIэпыкъуауэ къыщIебгъэдзыныр. Арщхьэкlэ псори ябзри ядыжакIэт.

Арати, 1944 гъэм мазаем и кIэухым балъкъэр къуажэхэм дыхьащ совет зауэлIхэр зэрыс хьэлъэзешэ автомашинэхэр. ИпэIуэкIэ, мазаем и 23-м, я лъахэм ирашакIэт ди гъунэгъу шэшэнхэмрэ къэрэшейхэмрэ. АрщхьэкIэ балъкъэрхэр къэпIейтеякъым: лей къыщIыкIэлъызэрахьэн щхьэусыгъуэ ялъагъуртэкъым, зэрыхейр ящIэжырт. Абы къыхэкIыу къыхэщтыкIыншэу я хадэ тIэкIухэр ягъэкъабзэрт - а гъэм гъатхэр пасэу къэкIуат. Къэгузэвахэщ пщыхьэщхьэм цIыхухъухэр клубхэм щызэхуашэса иужь. Ахэр нэху щыху къыщIагъэкIакъым. Гъатхэпэм и 8-м и пщэдджыжьым балъкъэр къуажэхэм щыпсэу псоми хуагъэуващ гъуэгу жыжьэ зэрытеувэным зыхуагъэхьэзырыну. ПIалъэу иратари сыхьэтитI къудейт. Сытыт абы къриубыдэу къыздэпщтэфынур? «Студбеккерхэм» ирагъэзагъэри, балъкъэрхэр къанэ щымыIэу Налшык гъущI гъуэгу вокзалым яшащ икIи абдежым Iэщ къызэрырашэкI вагонхэм щрагъэтIысхьащ. Ар илъэс пщыкIущ зи кIыхьагъ гъуэгуанэ бзаджэм и щIэдзапIэт. Адрей лъэпкъхэми хуэдэу, балъкъэрхэр ягъэIэпхъуащ Къыргъызым, Къэзахъстаным, уеблэмэ, Сыбырым и щIыпIэ пхыдзахэм. Абыхэм нэсыхукIэ щIыIэмрэ мэжэщIалIагъэмрэ цIыху куэд илIыкIащ. АрщхьэкIэ къапэплъэр нэхъ Iеижт: здагъэкIуа щIыпIэхэм щыпсэухэр нэбгъузкIэ къеплъырт. Пэжщ, иужькIэ къагурыIуащ ахэр зэрыцIыхуфIыр икIи зэрылэжьакIуэшхуэр. Уеблэмэ, унафэщI къулыкъухэри къызыхуагъэфэщахэри яхэтащ...

АрщхьэкIэ балъкъэрхэр нэхъуеиншэу къыхуэпабгъэрт щалъхуа щIыналъэм. Ахэр лъаIуэрт я лъахэм къэкIуэжыну хуит ящIыну. Сталиныр щылIа 1953 гъэм иужькIэ хуэм-хуэмурэ псоми къагурыIуэу хуежьащ захуагъэр зэрызэфIэувэжынур. Уеблэмэ, комендантым и Iизыныншэу щыпсэу щIыпIэр зыбгынэну хуимыт балъкъэрхэр нэхъ хуит хъужат. Япэ дыдэу Къыргъызым и радиомкIэ къатащ балъкъэр усакIуэшхуэ Кулиев Къайсын и усэхэр. 1956 гъэм екIуэкIащ КПСС-м и XX съездыр. Абы къыщыхагъэщхьэхукIащ Сталиным и залымыгъэ хабзэм и зэранкIэ цIыху щхьэхуэхэм я мызакъуэу, лъэпкъ зыбжанэми леишхуэ зэрытехьар. 1957 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ къыдигъэкIащ Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэкIыным теухуауэ. Хей ящIыжа балъкъэрхэм я лъахэм къагъэзэжащ. Ахэр гуфIэгъуэкIэ кърагъэблэгъэжащ адыгэхэм, урысхэм, ди республикэм щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм.

**МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.**

## Хэхыныгъэм зыхуэгъэхьэзырыным Дзэлыкъуэ районым гулъытэшхуэ щегъуэт

**Районым и щIыналъэ администрацэм и деж зыри къыщигъанэркъым хэхыныгъэр къызэзыгъэпэщынухэм ядэIэпыкъуным и лъэныкъуэкIэ. Иджыблагъэ участкэ хэхакIуэ комиссэхэм я унафэщIхэр Дзэлыкъуэ районым и щIыналъэ администрацэм и лэжьапIэ унэм щызэхуашэсри, абыхэм къыхуащэхуа иджырей ноутбукхэр, адрей зыхуеину техникэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ иратыжащ.**

ДЗЭЛЫКЪУЭ районым и щIыналъэ хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Тхьэщокъуэ В. апхуэдэ гулъытэм папщIэ район администрацэм и унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ.

Районым щыIэ хэхакIуэ комиссэхэм мазаем и 25-м щыщIэдзауэ къыIах нэгъуэщI щIыпIэхэм гъатхэпэм и 18-м щыIэну цIыхухэм Iэ ирагъэIэтыну къат лъэIухэр.

**ЩОКЪУИЙ Iэминэ.**

● ХъыбарегъащIэ

## Балъкъэр лъэпкъыр щраша махуэм и фэеплъу

**Iуэхугъуэ зыбжанэ Тырныауз къалэм щекIуэкIынущ гъатхэпэм и 8-м.**

ПСАЛЪЭМ папщIэ, сыхьэт 11-м щIидзэу щыгъуэ пэкIу зэхашэнущ балъкъэр лъэпкъым лъахэр щрагъэбгынэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж. Абы хэтынущ щIыпIэ, къалэ администрацэхэм я унафэщIхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я лIыкIуэхэр, щIыналъэм щыIэ IуэхущIапIэхэмрэ еджапIэхэмрэ щылажьэхэр, районым щыщ щIалэгъуалэр.

Кулиев Къайсын и цIэр зэрихьэу Тырныауз дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм сыхьэт 11-рэ дакъикъэ 40-м къыщызэIуахынущ сурэтхэмрэ документхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэ. «Ар зэрыщытар» зыфIаща выставкэм зыкърезыгъэхьэлIэхэм ялъагъунущ а лъэхъэнэ гуузыр зи нэгу щIэкIахэм я гукъэкIыжхэр къэзыIуатэ дэфтэрхэр, а лъэпкъым къыхэкIа лIыхъужьхэмрэ цIыху цIэрыIуэхэмрэ я гъащIэм теухуа тхыгъэхэмрэ сурэтхэмрэ.

ЩэнхабзэмкIэ унэм хэт кинотеатрым сыхьэт 12-м щIидзэу щагъэлъэгъуэнущ «Устоявшие» документальнэ фильмыр.

**ТАРИМ Алисэ,**
*Iуащхьэмахуэ район администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и унафэщI.*

## НОБЭ

♦**321 гъэм** урым император Константин Щэджащэм тхьэмахуэ махуэм цIыхухэм загъэпсэхун хуейуэ игъэуващ.

♦**1573 гъэм** Фёдоров Иван Львов къалэм типографие къыщызэригъэпэщащ.

♦**1876 гъэм** Шотландием щыщ къэхутакIуэ, щIэныгъэлI, США-м щыпсэуа Белл Александр телефон къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхылъ кърατащ.

♦**1912 гъэм** Норвегием щыщ зыплъыхьакIуэ Амундсен Руаль Ипщэ полюсыр къызэIуихащ.

♦**1920 гъэм** Сирием и лъэпкъ конгрессым унафэ къищтащ я къэралыр зэрыщхьэхуитым, ар зыми и бжьым зэрыщIэмытым теухуауэ.

♦**1943 гъэм** Сталин Иосиф Совет Союзым и Маршал цIэр фIащащ.

♦**1944 гъэм** ЗыхъумэжыныгъэмкIэ къэрал комитетым и УнафэщI Сталин Иосиф Молотовым и цIэкIэ щыIэ колхозым и парт организацэм и секретарь Къашыргъэ ХьэпащIэ фIыщIэ къыхуищIат Дзэ Плъыжьым зэрызыщIагъэкъуам папщIэ.

♦**1960 гъэм** Куба щыщ жэмыш Пащты Салимэ «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэр къыфIащащ.

♦**1960 гъэм** СССР-м къыщызэрагъэпэщащ космонавтхэм я япэ гупыр. Абы хагъэхьат дзэм къулыкъу щызыщIэ кхъухьлъатэзехуэ нэхъ Iэзэхэм ящыщу цIыху 20.

♦**1967 гъэм** КПСС-м и ЦК-м, СССР-м и Министрхэм я Советым, ВЦСПС-м унафэ къащтащ къэралым и цIыхухэу IэнатIэ Iутхэр махуитхукIэ лажьэрэ махуитIкIэ загъэпсэхуу щытыным теухуауэ.

♦**2014 гъэм** Сочэ къыщызэIуахащ XI Паралимп ЩIымахуэ джэгухэр. Ахэр гъатхэпэм и 16 пщIондэ екIуэкIащ.

♦Адыгей тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **Жанэ Кърымызэ** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Космонавт, жылагъуэ лэжьакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Савиных Виктор** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Актёр цIэрыIуэ, режиссёр, уэрэджыIакIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Миронов Андрей** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Урысей теннисист, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, Дунейпсо Олимп Комитетым хэт **Тарпищев Шамиль** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым 2 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Гурэ гурэ зэрощIэ.**

## «НакIуэ, жеIэ, нэкIуэж Къулъкъужын...»

**Иджы дыдэ къыдэкIащ тхылъитI, куэдым я дежкIэ гукъинэж хъуну. Пасэу дунейм ехыжа (илъэс 69-р ныбжьышхуэкъым) Уэрэзей Афлик и усэхэр адыгэбзэкIэ дунейм къытригъэхьащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм. Апхуэдэ тхылъ дыдэ урысыбзэкIэ къыщыдэкIащ «Тетраграф» ООО-ми (иужьрейр зи фIыгъэр и щхьэгъусэ Уэрэзей Луизэрэ абы и бынхэмрэщ). Апхуэдэ щIыкIэкIэ Афлик и усэхэу нэхъапэм щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъуэгу зымыгъуэта зыкъом дунейм къытехьащ.**

ПЭЖЩ, зи усэхэр псэм дыхьэ Уэрэзей Афлик щыпсэум цIэрыIуэ дыдэу щытакъым. Илъэс куэдкIэ абы и ныбжьэгъуфIа сэ шэч гуэри хэмылъу жысIэфынущ: мыбдеж «щыкъуаншэр» езы усакIуэрщ. Уэрэзейр зэи яхэтакъым зыкъызыхэзыгъэпIииикIыну хущIэкъуахэм, зи щхьэр лъагэу зыIэтыну, нэхъ щхьэтечу жыпIэмэ, зызыгъэвууну хущIэкъуахэм. Ар сыт щыгъуи зэпIэзэрытт, щэхут, си щхьэкIэ зэи срихьэлIакъым и макъ иIэтауэ. Ауэ ныбжьэгъугъэрэ IуэхутхьэбзэкIэ хуабжьу цIыхуфIт. Ар зыдэIэпыкъуауэ сэ сщIэ къудейр ирикъунщ.

АдыгэбзэкIэ къыдэкIа «ХытIыгу жыжьэ» тхылъым Уэрэзейм и усэ нэхъыфIхэр ихуащ. Абы еджэнухэм псом япэу Афлик и псэм и къабзагъэм гу лъатэну си гугъэщ. Дауи, и зэчийри, адыгэбзэ дахэри, а бзэм и къэгъэсэбэпыкIэ Iэмалхэри къагъэнэнкъым.

Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейщ. Уэрэзейм и усэхэр нэхъ зытриухуар гурыщIэ лъагэрщ: цIыхубзым, щIыуэпсым я дахагъэрщ. Уеблэмэ, зы литератор гуэрым жиIауэ щытащ Афлик къыщалъхуа Къулъкъужын Ипщэ усэ хуимытхыу абы къегъэщIылIа зы Iуащхьи къэмынауэ.

«ХытIыгу жыжьэм» и пэублэ псалъэр зытха, филологие щIэныгъэхэм я доктор Гъут Iэдэм тэмэм дыдэу гу лъитащ абы и IэдакъэщIэкIхэм «щым» псалъэр куэдрэ къызэрыщыкIуэм. Ар хуейт дунейр хьэлэбэлыкъыншэу, щыму, дахагъэм хуэушэу щытыну. Хуейтэкъым мыхьэнэ гуэри зимыIэ Iэуэлъауэ. Ар къызыхэкIри гурыIуэгъуэщ. Афлик щIыпIэ дахащэм къыщалъхуат, и сабиигъуэр и адэ мэлыхъуэ лэгъупэжь Пщымахуэ и щIэгъэкъуэну гъэмахуэ къэс ирихьэкIат. ПщыIэм тесхэм зэпымыууэ ядэIэпыкъурт, мэлыхъуэ башри дзыхь къыщыхуащI къэхъурт. Мис абы щыгъуэу къыщIэкIынущ щIалэщIэр ди лъахэ телъыджэм и дахагъым щызыIэпишар. Дыкъевгъаджэт:

*Хуэму къотэдж пшэкIэплъыр/*
*Дыгъэ къыщIэкIыр хуэмщ/*
*Щыму къотIэпI жыг гулъыр/*
*Гурылъ нэхъ къабзэр щымщ/*

ЖысIэнщи, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджэу Москва Горькэм и цIэкIэ щыIэ университетыр къиуха нэужь, Уэрэзейм и гъащIэр къанэ щымыIэу Налшык щрихьэкIами, абы и хъуэпсапIэри, и гупсысэхэри сыт щыгъуи егъэщIылIауэ щытащ езыр къыщалъхуа икIи къыщыхъуа Къулъкъужын Ипщэ. Дунейм ехыжыным илъэс зыщыплI фIэкIа имыIэжу абы лъапсэ къыщищэхуат, унэ ищIыну щригъэжьат. Сыт хуэдэу гухэхъуэу тепсэлъыхьрэт а лэжьыгъэр зэрекIуэкIым! АрщхьэкIэ хунэсакъым, ауэ дунейм къытринащ ар къуажэм зэрыхуэпабгъэм щыхьэт техъуэ сатырхэр:

*Къызитыжыркъым си гум*
*псэхупIэ,*
*НакIуэ, жеIэ, нэкIуэж,*
*Къулъкъужын...*

Усыгъэ IэнатIэм пэрытахэм мымащIэу яхэтащ зи вагъуэр занщIэу къэлыду апхуэдэ дыдэу псынщIэу ужьыхыж. Уэрэзей Афлик и Iуэхур нэгъуэщIщ: щыпсэум хуэфащэн пщIэ имыгъуэтами, абы и нурыр къэлыд зэпытщ.







**ШАЛ Мухьэмэд.**



● КъБР-м и Парламентым

# Спортым цIыхум и хьэлыр епсыхь

**КъБР-м и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ ныбжьыщIэхэм я деж спортым зыщегъэужьа зэрыхъуным.**

КъБР-М и Парламентым Спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Арсен** жиIащ спорт IуэхущIапIэхэр республикэм щIэх-щIэхыурэ къыщызэIуах пэтми, абыхэм мы зэманым щIалэгъуалэу къызэщIаубыдэфым и бжыгъэм иджыри арэзы укъызэримыщIыр.

- НыбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зэман куэд щагъакIуэ Интернетым. Спортыр лъэныкъуэ егъэза мэхъу. Абыхэм къагурыгъэIуэн хуейщ спортым цIыхум и хьэлыр зэрипсыхьыр, - къыхигъэщащ Бэрэгъуным.

КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуэдзэ **Анаев Аслъэн** жиIащ я IуэхущIапIэм епхауэ Налшык къалэм спорт школ 12, спортым щыхуагъэхьэзыр центр, «Спартак-Налшык» футбол клубым и IуэхущIапIэр зэрыщылажьэр. Абыхэм псоми спорт лIэужьыгъуэ 39-мкIэ зыщагъасэ щIалэгъуалэ мин 11-рэ 350-м. Абыхэм ядолажьэ тренер 295-рэ.

2017 гъэм республикэм зыщызыгъасэ спортсмени 129-рэ Урысейм и ныбжьыщIэ, щIалэгъуалэ, балигъ гуп къыхэхахэм хагъэхьащ, ехъулIэныгъэ хъарзынэхэр къагъэлъагъуэу йокIуэкI.

Нэгъабэ щIышылэм и 1-м къыщыщIэдзауэ спортсменхэр хэтащ щIыналъэ, урысейпсо, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэхэм, 402-рэ текIуэныгъэр зыIэрагъэхьащ.

Анаев Аслъэн щхьэхуэу къытеувыIащ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и Сабий-ныбжьыщIэ спорт школым щекIуэкI лэжьыгъэм. Къэпсэлъам зэрыжиIамкIэ, республикэм а IуэхущIапIэм и закъуэщ щыIэр зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм ядэлэжьэфу.

КъБР-м и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмрэ хьэрычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщI, республикэм БоксымкIэ федерацэм и Iэтащхьэ **Iэпщэ Заур** жиIащ сабийм зэфIэкI къигъэлъэгъуэныр куэдкIэ ар зыгъасэм зэрелъытар. Тренерхэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэм щыщIэупщIэм, Анаев Аслъэн жиIащ Iуэхум жэуаплыныгъэ яхэлъу бгъэдыхьэфыну IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр республикэм куэду зэрыщыIэр, ауэ улахуэр зэрымащIэм къыхэкIыу абыхэм нэгъуэщI IэнатIэ къалъыхъуэн хуей зэрыхъур.

Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **Амщокъуэ Артур** тепсэлъыхьащ спорт зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэхэм, Налшык къалэм и курыт школхэм я сабий лагерхэм къыщызэрагъэпэщ зэхьэзэхуэхэм, «Кавказ», «Голубые ели» зыгъэпсэхупIэхэм, Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIэ турист базэхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

Налшык къалэм дэт спорт IуэхущIапIэхэмрэ ухуэныгъэхэмрэ я щытыкIэр къапщытэн мурадкIэ, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт комиссэ мэлажьэ, нэгъабэ апхуэдэу 56-рэ къапщытащ.

Гугъуехьхэм къыщытеувыIэм, Амщокъуэм жиIащ спортым и унэтIыныгъэхэм хухэха IуэхущIапIэхэр республикэм и район псоми зэрамыIэр, языныкъуэхэр зэгъэпэщыжын зэрыхуейр, пэшхэм щIэт спорт Iэмэпсымэхэр зэрызэхъуэкIыпхъэр.

Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм игъэзэщIэну къыпэщылъ къалэнхэм ящыщу Амщокъуэ Артур къыхигъэщащ: «Александровкэ» хьэблэм дэт курыт еджапIэ №11-м и стадионыр футбол джэгуным хуэгъэхьэзырыныр, ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэм шахматымкIэ павильон щыухуэныр (Шахматымрэ шашкэмкIэ «Ладья» клубым кIуэну хуейу псори щIэхуэркъым), Белэ Речкэ дэт ДЮСШ №3-м иратыжа спорт пэшыр зыхуей хуэгъэзэныр.

ЗэIущIэм я Iуэху еплъыкIэр къыщагъэлъэгъуащ ДЮСШ №2-м и унафэщI **Тхьэкъуахъуэ Анатолэ**, ДЮСШ №1-м и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Багъэтыр Тимур**, боксымкIэ олимп резервыр зыгъэхьэзыр школым и унафэщI **Султанов Мурат** сымэ.

ЗэIущIэм хэтахэм зэдэарэзыуэ къыхагъэщащ сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ спортым, гъащIэ узыншэ ирахьэкIыным нэхъ жыджэру къыхуеджэн зэрыхуейр, спорт IуэхущIапIэхэр иджырей мардэм хуэгъэкIуэныр, щIэхэр ухуэныр зэманым къигъэув къалэн пажэхэм зэращыщыр.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Анэдэлъхубзэм и махуэшхуэ Иналхьэблэ щокIуэкI

● «Си бзэ - си псэ, си дуней»

**«Бзэр лъэпкъым и купщIэщи, зи бзэр кIуэда лъэпкъыр дэ купщIэншэм хуэдэщ». Арат и фIэщыгъэцIэр иджыблагъэ КъалэкIыхь (Прохладнэ) щIыналъэм хиубыдэ Иналхьэблэ (Къэрэгъэш) дэт курыт еджапIэ №2-м адыгэбзэмрэ хабзэмрэ я махуэшхуэ щекIуэкIам. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, абы и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд иригъэжьауэ, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэри къыхыхьауэ ирагъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» хэгъуэгупсо зэпеуэм хэтыну жэрдэм зыщIа еджапIэм къэпщытакIуэхэр щрагъэблэгъат. Абыхэм я пащхьэ къралъхьа лэжьыгъэр траухуат къытщIэхъуэ щIэблэр дызэрыт зэманым декIуу гъэсэным, егъэджакIуэхэм я къалэныр ягъэзэщIэнымкIэ Iэмалыщ Iэу къагъэсэбэпхэм, теориекIэ къащIар я бзэм, я творческэ лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпыфу, я Iуэху еплъыкIэр утыку ирахьэфу хъуным. ЗэрынаIуэщи, мурадхэр инт, тынштэкъым.**

КЪЭПЩЫТАКIУЭ гупыр адыгэ фIэхъус гуапэкIэ ирагъэблэгъащ Иналхьэблэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI КIашэ Аслъэн, еджапIэм и унафэщIым егъэджэныгъэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ Шал Мартинэ, гъэсэныгъэ IуэхухэмкIэ и къуэдзэ Батыр Оксанэ, тхыдэмкIэ егъэджакIуэ Кхъуэтепыхьэ Алихъан, егъэджакIуэхэм, еджакIуэхэм.

ЕджапIэ щIыхьэпIэм щрагъэжьат Iуэхур. Я гъэсэнхэм адыгэ къафэм, хъуэхъуэным зэрыхуэIэзэр къагъэлъэгъуа нэужь, хьэщIэхэр ирагъэблэгъащ къэхутэныгъэ лэжьыгъэр школым зэрекIуэкI щIыкIэр щагъэлъагъуэ плIанэпэхэм. «Си лъахэ дахэу сызэрыпагэ» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэр адыгэ фащэм, сурэт щIыным, къуажэ тхыдэм, щIэныгъэ ехъулIэныгъэхэм, лъэпкъ шхыныгъуэхэм теухуат. КъэпщытакIуэхэм я нэгу щIэкIащ еджапIэм, егъэджэныгъэм къыдэкIуэу, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIыр. Гу лъумытэу къаэртэкъым сабийхэм я бзэм и шэрыуагъым, абыхэм я лэжьыгъэр утыку къызэрырахьэ щIыкIэм, я зыIыгъыкIэ дахэм. Псом хуэмыдэу гукъинэ ящыхъуащ Багъхэ Алинэрэ Динарэрэ я лъэпкъым теухуауэ ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэр, проект лэжьыгъэу зэрагъэпэщыжа «лъэпкъ жыгыр», 5-нэ классым щеджэхэу адыгэ фащэм тепсэлъыхьа ЩIэш Iэдиихурэ Лу Аслъэнрэ.

ПщэфIэкIэмкIэ егъэджакIуэ Гурдыгъуэ Альбинэ хьэщIэхэр иригъэблэгъащ щыпщафIэ пэшым. «Ерыскъыншэм и дунейр кIыфIщ» мастер-классым и къызэгъэпэщыкIэр гъэщIэгъуэнт. Адыгэ шхыныгъуэ пщэфIыным дерс щхьэхуэ программэм хухимыхми, егъэджакIуэм а лэжьыгъэр IэкIуэлъакIуэу зэрызэтриублэфам и щыхьэтщ ди нэгу щIэкIа Iуэхугъуэр. Шхыныгъуэхэм ящыщу тхъурыжьымрэ хьэкъурт IэшкIэмрэ я гъэхьэзырыкIэм и дерс дагъэлъэгъуащ 8-нэ классым щеджэ Къарэмырзэ Иннэрэ 7-нэ классым щIэс Болэт Линарэрэ. Я IэбэкIэр гунэс пщымыхъункIэ Iэмал зимыIэ хъыджэбз цIыкIухэм япщэфIым адыгэбзэкIэ гъэхуауэ тепсэлъыхьурэ Iуэхури зэфIаудащ.

ПэщIэдзэ еджапIэм щылажьэ Къумыкъу Iэсият 2-нэ классым щригъэкIуэкIащ «Сабийхэм я гупсысэкIэм зегъэужьын» зыфIища дерсыр. Ар «Бажэмрэ Кърумрэ» адыгэ псысэм ещIэкIат. Псысэм упщIэ хуагъэувурэ асыхьэтым жэуап иратыжыфу, къатыжа жэуапым нэмыщI, еплъыкIэ хузиIэ щыIэми, ар къиIуэтэфу, къапсэлъар къызэщIакъуэжыфу - абыхэм егъэсэнрат дерсым лъабжьэ хуэхъуар. Узэгугъур къогугъуж, жаIэ. Жану, жьы ящIэту, набдзэгубдзаплъэу щытащ еджакIуэхэр.

ДжэгукIэ Iэмалыр 5 - 7-нэ классхэм я дерсхэм къызэрыщыгъэсэбэпыпхъэм теухуат адыгэбзэмрэ литературэмкIэ езыгъаджэ ПщыукI Ритэ игъэлъэгъуа лэжьыгъэр. Езыр зэрыщыту къапщтэмэ, зыплъыхьакIуэ-къэхутакIуэ жыпхъэм ит дерст, зытегъэщIари адыгэбзэ макъхэм ехьэлIауэ яджамрэ къащIамрэ къаригъэпщытэжурэ, а щIэныгъэр зэращымыгъупщэжын хэкIыпIэхэмкIэ «зэщIэкъуэзэжынырт». ЕгъэджакIуэм ар къехъулIэн щхьэкIэ лэжьыгъэр Iыхьэ зыбжанэу зэхигъэуващ: «Адыгэбзэ макъхэм я есэп», «Псалъэ Iущхэм я пщIантIэ», «Пэжырытхэм и хадэ», «Транскрипцие лъэщапIэ», «Тест лэжьыгъэ» жиIэу. Ауэ а псори зэпхат - макъымрэ хьэрфымрэ зэрызэщхьэщыкIыр, тхыбзэмрэ жьабзэмрэ я гъунапкъэр къэхутэныр. Къапсэлъар тест лэжьыгъэкIэ ягъэщыпкъэжащ. Нэрылъагъут лэжьыгъэр зэрыгъэщIэгъуэныр, къагъэсэбэпа Iэмалхэм цIыкIухэм щIэныгъэ бгъэдалъхьэ къудейм къыщымынэу, ахэр зэригъэгупсысэн гуащIи зэрахэлъыр.

Мастер-классхэр щызэфIэкIым КъэпщытакIуэ гупыр ирагъэблэгъащ еджапIэм и филологие методикэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм щагъэгъуэзэну. Гупым и унафэщI ЩIакIуэныкъуэ Залинэ я гугъу ищIащ адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэм, зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, егъэджакIуэхэм я илъэс лэжьыгъэр зытеухуауэ щытыр еджакIуэхэм я бзэм зегъэужьынырщ, я псэлъэкIэр езыгъэфIакIуэ Iуэхугъуэхэр тегъэщIапIэ ящIурэ. Псори арэзы техъуащ еджакIуэхэм дерсымкIэ къащIэфам. Залини и адыгэбзэр зэрыдахэм, зэрыбейм, и псалъэ зэкIэлъыгъэкIуэкIэм псори къыдихьэхащ.

«Бзэр псэумэ, лъэпкъри псэунущ» гупсысэм тещIыхьауэ я лэжьыгъэр ящIэ Иналхьэблэ дэт курыт еджапIэ №2-м и егъэджакIуэхэм. ГъэщIэгъуэнракъэ, а махуэм ди нэгу щIэкIа псори а еджапIэм махуэ къэс щекIуэкI лэжьыгъэу къыпщызыгъэхъу зэхэтыкIэ ядэплъагъурт сабии балигъи. ИлъэсипщI ипэкIэ къызэIуаха еджапIэр хуиту, нэхуу зэрыщытым хуэдэу, абы щIэсхэми я нэгур зэIухарэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм гукъыдэж къариту къытщыхъуащ. Иналхьэблэ дэт курыт еджапIэ №2-м зэфIиха лэжьыгъэм арэзы ищIауэ зэхэкIыжащ хьэщIэхэри бысымхэри.

**ЩОДЖЭН Iэминат,**
**ТАБЫЩ Мурат.**

# ЦIыхубзхэм фехъуэхъуну фыкъыхураджэ

● Жэрдэм

**Интернет Iэмалыр къагъэсэбэпу къэралым къыщызэрагъэпэща «Самая! Самая!» урысейпсо ассамблеем фыкъыхуреджэ ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэмкIэ фехъуэхъуну!**

«САМАЯ! Самая!» ассамблеем хыхьэу хъуэхъу зыхуагъэфэщэну зи кIэн къикIыну дэтхэнэ бзылъхугъэми иратынущ тхыпхъэкIэ гъэдэха «Самая! Самая!» дамыгъэмрэ ассамблеем зэрыхэтыну щIыкIэм щыхьэт техъуэ цIэмрэ.

ГъащIэ гъусэ гуакIуэм, анэм, анэшхуэм, егъэджакIуэм, лэжьэгъум, унафэщIым... фыхуэгуэпэну тынш дыдэщ!

Абы папщIэ СТЕНАПРИЗНАНИЙ.РФ сайтым и хэщIапIэм фихьэу зыхуэвгъадэ хъун щымыIэ бзылъхугъэм хуэгъэза псалъэ гуапэхэр щыфтхыу и сурэтри гуэгъу хуэфщIыж хъунущ.

Апхуэдэ хъуэхъу зыхуагъэхь дэтхэнэри «Самая! Самая!» ассамблеем хагъэхьэнущ.

Урысейм и бзылъхугъэхэр дуней псом нэхъыфI дыдэу щалъагъухэм, щынэхъ насыпыфIэхэм ящыщщ икIи «Самая! Самая!» ассамблеер абы и щыхьэтщ!

**ТЕКIУЖЬ Зэретэ.**



● Узыншагъэ

# IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп

**УнэтIыныгъэ зыбжанэ зиIэ, районхэм зэдай сымаджэщым онкологиемрэ малоинвазивнэ хирургиемкIэ и къудамэм гъатхэпэм и 6-7-хэм сыхьэти 10-м Лопаткиным и цIэр зезыхьэ Урологиемрэ интервенционнэ радиологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и IэщIагъэлIхэм онкоурологие узыфэхэр лапароскопие IэмалхэмкIэ зэрагъэхъужым теухуа мастер-класс щрагъэкIуэкIынущ.**

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, хьэщIэхэр лекцэ къеджэнущ, лышх узыфэр и чэзум къызэрыпхутэным, ар зыхуэдэр зэрызэхэбгъэкIыну щIыкIэм ятеухуа псалъэмакъхэр я лэжьэгъухэм драгъэкIуэкIынущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и хирург нэхъыщхьэ Къалэбатэ Рустам къызэрыхигъэщымкIэ, ику ит е зи ныбжь хэкIуэта цIыхухъухэм нэхъыбэрэ яIэ лышх узыфэ лIэужьыгъуэм щыщщ предстатэм къеуалIэр. Дунейпсо къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, тхьэмбылымрэ лъатэмрэ къыкIэлъыкIуэу лышх узыфэр нэхъ зыхуэлъэр аращ. Къэбэрдей-Балъкъэрым иужьрей илъэсищым а узыфэр зиIэхэм я бжыгъэм тIукIэ щыхэхъуащ. ФIагъ лъагэ зиIэ технологие Iэмалхэр IэнатIэм къыщагъэсэбэпу зэрыхъуам щытыкIэм зригъэхъуэжынущ.

*КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Къулъкъужын Ищхъэрэ щрагъэжьэ

● Пшыхьхэр





**КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэмрэ «Шэрджэс ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ къызэрагъэпэща «Анэдэлъхубзэм теухуа Iуэху еплъыкIэхэр», «Адыгэ хабзэ» проектхэр Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм щрагъэжьащ**

ЗЭIУЩIЭМ кърихьэлIат КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и унафэщI Гугъуэтыж Ахьмэд, палатэм щIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ и комиссэм и унафэщI Iэрэмысэ Тимур, «Шэрджэс ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэу Жылэгъащтэ ХьэчимрэТхьэкIумащIэ Тимуррэ, Къулъкъужын Ищхъэрэ къуажэм и Iэтащхьэ ПщыхьэщIэ Руслан, къуажэдэс нэхъыжь Бабыгуей Сосрыкъуэ, Къэбэрдей шууей хасэм и тхьэмадэ Къудей Аслъэн, къуажэм дэт курыт еджапIищым я унафэщIхэр, егъэджакIуэхэр, еджакIуэ цIыкIухэр.

ЗэIущIэр езыгъэкIуэкI Жылэгъащтэ Хьэчим къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ ирахьэжьа Iуэхухэм я мурад нэхъыщхьэр я анэдэлъхубзэм гулъытэ хэха хуащIу, хэкупсэу, я хабзэр IэщIыб ямыщIу, абы къемызэгъ ямылэжьу къыдэкIуэтей щIэблэр къэгъэтэджыныр арауэ зэрыщытыр. Пшыхьыр зэраубзыхуну щIыкIэм яхутепсэлъыхьа нэужь, абы псалъэ иритащ Гугъуэтыж Ахьмэд. ФIэхъус гуапэкIэ захуигъэза, къызытекIухьа Iуэхум мащIэу и гугъу ищIа нэужь, абы жиIащ:

- Ди хэку дыщисыжкIэ, ди бзэкIэ дыпсэлъэну Iэмал, хуитыныгъэ дыщиIэкIэ, ар сыт къэбгъэсэбэп щIэмыхъур? Хэт зэран къытхуэхъур? Дэ къэдгъэсэбэпыну зэдмыпэсыж ди анэдэльхубзэм нэхърэ нэхъыфIыр дэтхэнэ бзэра? Дэ зедмыхьэж хабзэхэм нэхърэ нэхъ дахэ зиIэр сыт хуэдэ лъэпкъра? Уэрамым, IуэхущIапIэхэм адыгэбзэкIэ ущыпсалъэмэ, къыпщыдыхьэшхыу, къыпщIэнакIэу куэдрэ гу лъыботэ. Къыбдалъхуа бзэмкIэ Iуэху зепхьэныр емыкIукъым, атIэ ар Iумпэм пщIыныр нэхъ къемызэгъщ. Фыкъызыхуезджэр зыщ, дыкъызыхэкIар тщымыгъупщэу, ди нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэна хабзэ дахэхэр зетхьэу, абыхэм пщIэ яхуэтщIу, тлъытэу, дахуэфащэу, ди анэдэлъхубзэр тIурылъу дызэгурыIуэу дывгъэпсэу. Дэ зедмыхьэжмэ, къэдмыгъэщIэрэщIэжмэ, ди фIыр хэкIуэдэжыну фIэкIа, зыми къытхуиIэтынукъым.

УкъызыхэкIа лъэпкъым пщIэ хуэпщIын, плъытэн зэрыхуейм, къыбдалъхуа бзэм нэхърэ нэхъ лъапIэ мы дунейм зэрытемытым, нэгъуэщI куэдми яхутепсэлъыхьащ пэшым щIэсхэм Къудей Аслъэн.

- Иджыпсту дызэрыт зэманым интернеткIэ, телевизоркIэ хабзэ мыхъумыщIэ куэд долъагъу, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дыхуейми дыхуэмейми, ахэр къыткIэропщIэри, ди гъащIэм хэпща мэхъу икIи зэран къытхуохъу. Ди бзэм, хабзэ дахэхэм куэд щыгъуазэщ, ар зи фIыгъэри дэракъым, атIэ ди япэ ита нэхъыжьыфIхэращ. АтIэ абыхэм тхузэрагъэпэщар хэдмыгъэкIуэдэжу зедвгъэхьэ, - жиIащ абы.

Къэпсэлъахэм яхэтащ ТхьэкIумащIэ Тимури. Куэд дихьэхауэ едэIуащ «Адыгэ» фIэщыгъэр тету абы иIыгъ пхъуантэ цIыкIум трижыIыхьа псалъэхэм. Адыгагъэр нобэкIэ зыхэтлъагъуэ хьэл-щэныфIхэр зытетха къупщхьэ цIыкIухэр къыдихыурэ абы дэтхэнэми къикIыр къазэрыгурыIуэр жригъэIащ еджакIуэхэм, а хьэл-щэнхэм ящыщ яхэмылъмэ, зыхамылъхьэмэ, кърикIуэнухэми тригъэпсэлъыхьащ.

Зэхуэсыр нэхъ гукъинэж ящыхъун папщIэ гукъыдэж зиIэ цIыкIухэр утыкум кърагъэблагъэри, усэ кърагъэджащ, тыгъэкIи яхуэупсахэщ.

Иужьрейуэ къэпсэлъа, къуажэм и тхьэмадэ ПщыхьэщIэ Руслан фIыщIэшхуэ яхуищIащ зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэми къекIуэлIахэми икIи мыпхуэдэ Iуэхухэм сыт щыгъуи гулъытэшхуэ зэрыхуащIым, щIэх-щIэхыурэ зэхыхьэхэр, пшыхьхэр зэрырагъэкIуэкIым щыгъуазэ ищIащ хьэщIэхэр. КъыдэкIуэтей щIэблэм я къэкIуэныр дахэ хъун, адыгэгуу, хэкупсэу къэгъэхъун папщIэ абыхэм драгъэкIуэкIыну я мурад лэжьыгъэхэми яхутепсэлъыхьащ.

ЗэIущIэм и кIэухым ирихьэлIэу фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр хуагъэфэщащ мы Iуэхум жыджэру хэта, екIуэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуахэу къуажэм и Iэтащхьэ ПщыхьэщIэ Руслан, курыт школхэм я унафэщIхэу Нартокъуэ Беслъэн, Нэхущ Светланэ, ПщыукI Маринэ, Нэхущ Залинэ сымэ.

Ди гугъэщ нэхъыжьхэм ирагъэкIуэкIа псалъэмакъыр, ягъэлъэгъуа щапхъэ дахэхэр къекIуэлIахэм зытIэкIукIэ нэхъ мыхъуми я гум етIыркъауэ. Адыгэпсэ Iуту дунейм зы цIыху тетыху, адыгэбзэр зэрыбзэрэбзэнур, бзэр къэбгъэсэбэпыху, хабзэри зэрызепхьэнур, хабзэр зепхьэху, лъэпкъыр зэрыщыIэнур иджыри зэ хьэкъыу япхыкIауэ еджакIуэ цIыкIухэр зэбгрыкIыжащ.

**ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.**

# ТекIуэныгъэ Иным и лIыхъужьхэр

**«ТекIуэныгъэ Иным и лIыхъужьхэр» зыфIаща урысейпсо литературэ зэхьэзэхуэр иджы еплIанэу ирагъэкIуэкI.**

АБЫ И КЪАЛЭН нэхъыщхьэр Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм совет сэлэтхэм зэрахьа лIыгъэр, ди къэралым и гъунапкъэхэр зыхъума дзэм и хахуагъэр зыщыдмыгъэгъупщэнырщ, зауэлI-лIыхъужьхэм яхузэфIэкIам иригушхуэу, хэкур фIыуэ ялъагъуу щIэблэр къэгъэхъунырщ.

Зэхьэзэхуэм литературэ рассказхэм, очеркхэм, усэхэм, сурэтхэм, эпос, тхыдэ, дзэ-хэкупсэ мыхьэнэ зиIэ уэрэдхэм нэхъыфIхэр къыщыхахынущ.

Лэжьыгъэхэр урысыбзэкIэ тхауэ щытын хуейщ икIи ахэр 2018 гъэм накъыгъэм и 8 пщIондэ gvp2017@mail.ru электрон хэщIапIэм ирагъэхь хъунущ, зэхьэзэхуэм хэтыну зэрыхуеймкIэ лъэIу тхылъыр и гъусэу.

УпщIэ зиIэхэмрэ лъэIу тхылъыр зэрызэхэгъэувапхъэр къэзыщIэну хуейхэмрэ къагъэсэбэп хъунущ http://героивеликойпобеды.рф. сайтыр.

Зэхьэзэхуэр къызэрагъэпэщащ УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ, Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ и министерствэхэм, Урысейм и дзэ-тхыдэ зэгухьэныгъэм, Урысейм и къэрал библиотекэм, «Не секретно» тхылъ тедзапIэм.

**БЛИЙ Даянэ.**




НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ФЫРЭ Анфисэщ

● Къэхутэныгъэхэр

# Шэр сэбэпу пIэрэ?

**Шэр цIыхум ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ ерыскъыпхъэщ икIи ар къупщхьэмкIэ сэбэпу къалъытэ. Псалъэм папщIэ, дохутыр цIэрыIуэу тхыдэм къыхэщыж Боткин Сергей XIX лIэщIыгъуэм шэкIэ игъэхъужу щытащ узыфэ зыбжанэ. Абы зэрыжиIэу щытамкIэ, тхьэмщIыгъу, тхьэмбыл, лъатэ уз зиIэ, зи къупщхьэхэр мыщIагъуэхэм дежкIэ шэр хущхъуэшхуэщ. Ауэ, Гарвард щIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, шэмрэ гъэшхэкIхэмрэ ди зэманым шынагъуэ хъуащ.**

ЩIЫУЭПСЫМ и щытыкIэр зэрекIэкIуам къыхэкIыу, шэм хэлъынкIэ хъунущ гыну ябж свинецыр, мышьякыр, антибиотикхэмрэ микротоксинхэмрэ. КъищынэмыщIауэ, шэм куэду хэлъщ эстроген жыхуаIэ, цIыхубзым и Iэпкълъэпкъым къигъэщI гормоныр. Эстрогеныр гъэшым хэлъу цIыхухъу Iэпкълъэпкъым куэду хыхьэмэ, бзылъхугъэ теплъэ иIэ мэхъу: и бгъэмрэ шхужьымрэ нэхъ ин, и макъыр псыгъуэ лъагэ мэхъу, мылъхуэ къахокI.

КъищынэмыщIауэ, Iэщыр узыншэу щытын, псынщIэу хэхъуэн, пшэр хъун, лы ищIын папщIэ, хущхъуэ зэмылIэужьыгъуэ куэд халъхьэ, гъэшыр зэрызэрахьэ хьэкъущыкъур щагъэкъабзэкIэ ар зэратхьэщIым щыщ къыхонэри, узыншагъэмкIэ зэранышхуэщ.

Шэр щысэбэпыр ар къызыщIаша жэмыр хъупIэ къабзэ итамэщ, хущхъуэу халъхьапхъэмрэ гъэшыр зыхуэдэмрэ кIэлъыплъамэщ. ЗэрытщIэщи, тыкуэнхэм щащэ шэм куэд иращIэ, ар щIэх зэIымыхьэн папщIэ. Псалъэм папщIэ, шэр градус 63 - 98-м нэс къагъэпщт, абы хэлъ микроорганизмхэр яукIын щхьэкIэ. Микроорганизмхэм къадэкIуэу, шэм хэлъ минералхэмрэ витаминхэмрэ зэрызэкIуэкIым куэд егупсысыркъым. Апхуэдэу, шэр градус 65-м нэс къагъэпщта нэужь, абы хэлъ кальцийм сэбэп лъэпкъ пымылъыжу зехъуэжри, къупщхьэм нэмысауэ, мыхьэнэ гуэри имыгъэзэщIауэ цIыхум къыпкърокIыж. Градуси 150-м нэс ягъэпщтыр шэ лIэужьыгъуэ щыIэщ. Апхуэдэм зы бактерие хэсыжкъым, минерали, витамини къызэрыхэмынам хуэдэу. Пэжщ, апхуэдэ шэр илъэс ныкъуэкIэ щытынущ, ауэ зыри и сэбэпыжкъым.

Шэм къупщхьэр быдэ ищIу жыхуаIэри пэжкъым. Уеблэмэ Iэпкълъэпкъым кальций куэду къылъысыным и пIэкIэ, къыхелъэсыкI! Сыту жыпIэмэ, шэм хэлъ белокыр лъатэм апхуэдизкIэ къытохьэлъэри, ар игъэткIун папщIэ минерал лей хуэныкъуэщ. Минералхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэу Iэпкълъэпкъым хэлъыр дызытепсэлъыхь кальцийращи, ар къупщхьэхэм къыхех, шэм и белокым пэлъэщын папщIэ. Пэжщ, сабийм и ныбжьыр илъэси 9-10-м нэсыху Iэпкълъэпкъым къегъэщI дызытепсэлъыхь белокым зэрыпэлъэщ фермент - реннин жыхуаIэр. Ауэ иужькIэ, цIыхум и ныбжьыр хэкIуэтэху, ренниныр мэкIуэдыжыпэри аращ шэр щIыхуэмыгъэткIужри.

Шэмрэ гъэшхэкIхэмрэ «зэрысэбэпыр» зэпымычу зэхихыу цIыхур къэгъуэгурыкIуащи, ар зэрызэраныр фIэщ щIыгъуейуэ къыщохъу.

Гарвард и профессор Кэмпбел Колин иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, шэм къыхокI къупщхьэ узыр, лъатэ узыр, уеблэмэ лышх узыфэр. Абы къиIуэтащ цIыхум къылъыс казеинымрэ (шэм и зы пкъыгъуэ) канцерогенезымрэ (лышхыр къызыхэкI щхьэусыгъуэмрэ) зэрызэпыщIар: казеиныр нэхъыбэху, канцерогенезри нэхъ лъагэщ. КъищынэмыщIауэ, эстрогеныр зэбэкI цIыхухэм нэхъыбэу къофыкI лышхыр. ИщхьэIуэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, жэмхэр кIэщI-кIэщIурэ зэрыуэндэгъум къыхэкIкIэ, эстрогеныр я куэдщи, шэми куэду хэлъщ.

Абы и щыхьэтщ Японием щрагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэри. Лымрэ гъэшхэкIымрэ Японием я лъэпкъ шхыныгъуэу зэи щытакъым икIи мащIэ дыдэущ зэрашхыу щытар, ауэ зауэ нэужьым IэмалыншагъэкIэ я Iэнэм къытехьащ, абы къыдэкIуэуи лыш узыфэр зэузхэм я бжыгъэр псынщIэу хэхъуащ. Ар дыдэращ къащыщIар мыдрей къэралыгъуэхэми.

«Лактозная непереносимость» узыфэр зыпкърыту дунейм къытехьэ сабийхэм я бжыгъэм хохъуэ кIуэ пэтми. Лактозэр - шэр Iэфl зыщI фошыгъу лIэужьыгъуэу аращ. Лактозэр игъэткIун папщIэ, сабийм и Iэпкълъэпкъым лактазэ жыхуаIэ ферментыр къегъэщI. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, сабийм и ныбжьыр хэкIуэтэху, лактазэри мэкIуэдыж, реннинным хуэдэу. Дызытепсэлъыхь лактазэр имыIэххэу къалъхуа сабийм анэ быдзышэри емызэгъыу щыкъиин щыIэщ, и ныбэр игъэузу, къэкъуалъэу, къигъэжьу, ныбажэ ищIу, и щIыфэр къригъэлъэлъу. Апхуэдэ сабийхэм папщIэ, лактозэ хэмылъу кашэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ къыдагъэкI.

Лактозэр лактобактериехэм я шхыныгъуэу жызыIи щыIэщ. Мыбдеж зэхэщIыкIыпхъэщ цIыхум и кIэтIийм ис лактобактериехэмрэ шэм хэлъ лактозэмрэ Iуэху лъэпкъ зэрызэхуамыIэр, зыкIи зэрызэлъэмыIэсыр. Лактобактериехэм кIэтIийр ягъэлажьэ икIи абыхэм я шхыныгъуэр хадэхэкIхэм, пхъэщхьэмыщхьэхэм, курпIэм хэлъ клетчаткэр аращ икIи гъэшыншэу псэуфынущ. Ауэ лактозэр куэдрэ, ар цIыхум хуэмыгъэткIумэ, цIыхум ишхари зэтрегъэфыхь, узыфэ зэхуэмыдэхэри къегъэхъей. Абы и щыхьэтщ «белковая диета» жыхуаIэм тет, лым, гъэшхэкIым тезыгъащIэ цIыхухэм я жьэм мэ Iей къызэрыжьэдихыр, уеблэмэ я пщIэнтIэпсри нэхъ гуащIэ зэрыхъур.

Иджыри зы Iуэхугъуэ... ЦIыхум пыхусыхур къыщыпкърыхьам деж шэм фо е тхъу тедзауэ ирагъафэ, сэбэп хуэхъун, къызэфIигъэувэжын я гугъэу. Ауэ, цIыхум къыгурыIуэркъым, фIы ищIэ и гугъэурэ, апхуэдэ щIыкIэкIэ сымаджэм лей зэрырихыр. Сыту жыпIэмэ, шэм Iупс бзаджэр нэхъри кърегъаблэ, мыдрей псоми къищынэмыщIауэ. Аращи, пыхусыхур зэфыкIым шей хуабэ куэду ефэмэ, пхъэщхьэмыщхьэм нэхъ тригъащIэмэ, гъэшхэкIыр Iуихыпэмэ, нэхъ псынщIэу къызэфIэувэжынущ.

СыткIэ зэпхъуэкI хъуну-тIэ шэмрэ гъэшхэкIхэмрэ?

Жэмышэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ сэбэпщ икIи лъатэм къемыхьэлъэкIыу хуогъэткIу соем къыхащIыкI шэр, кхъуейлъалъэр, кхъуейр, шхур. Пэжщ, языныкъуэхэр щошынэ соем хэлъ фитоэстрогеным, ауэ ахэр жэмышэм хэлъ гармоным хуэдэу шынагъуэкъым. КъищынэмыщIауэ, прунжым, хьэм, кокосым, миндалым шэ къыхащIыкI, дызэса шэм нэхърэ куэдкIэ нэхъ сэбэпу.

Къыхэгъэщыпхъэщ шэм хэлъ кальцийр Iэпкълъэпкъым изэгъэн папщIэ, витамин D зэрыхуейр. Ауэ шэм а витаминыр хэлъыххэркъым - витамин D-р дыгъэпсращ зыхэлъыр, е лабораторэм щащI.

ЖытIам къикIыу пIэрэ цIыхур зы ныбжь гуэрым нэса нэужь шэ ефэныр щигъэтын хуейуэ?! Гарвард щIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, шэр зи шхыныгъуэр сабийхэращ. Сабийм и ныбжьыр илъэси 9 - 10-м нэса нэужь шэм хуэныкъуэжкъым.

**ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.**

# Хьеймащэр зищIысыр

● ЩIыпIэ телъыджэхэр

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я закъуэ мыхъуу, Урысейм къикIа къэхутакIуэхэми къахуэщIакъым ХьеймащэкIэ дызэджэ хъупIэ телъыджэм и щэхур. ЕкIэпцIэкъуэ, Гундэлэн, Тызыл, Къармэхьэблэ я зэхуакум дэлъ щIы километр зэбгъузэнатIэ 30-м гъэщIэгъуэну къыщыхъухэмкIэ хэIуащ цIыху цIыкIум.**



СОВЕТ зэманым а хъупIэм Iэщ куэд яхурт, зэрыжаIэмкIи, ахэр щыбагъуэрт, гъэшми къыщыщIигъурт. Ауэ узыгъэгузави щыIэт: Хьеймащэ щыIэ къуэкIийм и кумб бжыгъэншэхэм я нэхъ инитIым ярыт псым ефэну еха былымыр къыдэкIуеижыфыртэкъым, псым хэхуэрти, ягъуэтыжыртэкъым.

Дызытепсэлъыхь кумбхэм я къэунэхукIэм теухуауэ Iуэху еплъыкIэ зыбжанэ щыIэщ. КъызэрыгуэкI цIыхухэр а щIыпIэм щошынэ, къагурымыIуэ куэд зэрыхэлъым къыхэкIыу.

ХъупIэм и фIэщыгъэцIэр къызытехъукIам и гугъу пщIымэ, зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ игъуэтащ абы. Псалъэм папщIэ, нэхъ пасэм а щIыпIэм зэреджэу щытар **Хъермащэщ** - Iэщыр зэрыщыбагъуэм, хъер зэрыхъум къыхэкIыу. ИужькIэ, къуэкIийм еха былымыр къыдэмыкIуеижыфу кIуэд щыхъум, цIыхухэм «Хъермащэкъым ар, **Хьеймащэщ** ахъумэ!» жаIэу щIадзащ, мыарэзыуэ. Языныкъуэхэми зэрыжаIэмкIэ, **ХьэмащэкIэ** еджэу щытащ къуэкIийм. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, щакIуэхэм къуэкIийм къупщхьэ иракIутэрт, абы къишэну дыгъужьхэм ещакIуэу.

Хьеймащэ кумбым и гъуанэ-пщIанэхэр къызыхэкIам утепсэлъыхьмэ, абыи еплъыкIэ зыбжанэ иIэщ. Урысейм ГеографиемкIэ и жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт **Мысырджэн МуIэед** зэрыжиIэмкIэ, Хьеймащэ и кумбхэр вагъуэижхэм (метеоритхэм) кърадауэ аращ.

- 1993 гъэм Хьеймащэ и щыгум вертолёткIэ дыкъихьэри зытплъыхьауэ щытащ. Абы щыгъуэ дэ къэдбжащ кумб 300-м щIигъу. Псы зэрытыр кумбитIыр аращ, адрейхэр цIыкIущ. ЯпэщIыкIэ, астрономиемкIэ мыхьэнэ гуэр иIэу къытщыхъуащ, сыту жыпIэмэ, Вагъуэзэшиблым ещхьу, кумб зыбжанэ зэпэщылъу къыхощ. ИужьыIуэкIи, 1998 гъэм, нэмыцэ къэхутакIуэ гупым ящIыгъуу сыщыIащ Хьеймащэ. Абыхэм зэрыхуагъэфэщамкIэ, кумбхэр вагъуэижхэм кърадауэ аращ, уэшхым хуэдэу къытещащэри, - жеIэ МуIэед.

Урысей экспедиторхэр иджыблагъэ щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Хьэрэкхъуэрэ и бгъуэнщIагъым ехащ, Хьеймащи къаплъыхьащ. Абыхэм зэрыжаIэмкIэ, Къырымым щыIэ «Караби Яйла» бгы сэтхым (плато) ещхьщ Хьеймащэр, зэтIолъхуэныкъуэм хуэдэу. Абы тепщIыхьмэ, Хьеймащэ и кумбхэр къизыудар вагъуэижхэракъым, атIэ щIым сэху куэду зэрыхэлъым къыхэкIыу, уэшхыпсымрэ щIы лъабжьэм щызекIуэ псымрэ ялъэсри, гъуанэ-пщIанэ хъуауэ аращ. Ар пэжмэ, Хьеймащэ и лъабжьэм бгъуэнщIагъышхуэ щIэтщ псы иту, армыхъумэ, апхуэдиз Iэщыр здэбзэхар дэнэ?!

Хьеймащэ и къуэкIийр вулканым и Iуфэу жызыIи щыIэщ. Iуащхьэ ди гугъэу, вулкану къыщIэкIыжа лъагапIэ куэд Кавказым зэрыщыIэр щэхукъым. Псалъэм папщIэ, Казбек, Iуащхьэмахуэ, Кавказ тхыцIэм пэжыжьэу къэунэхуауэ щыта Iуащхьэ щхьэхуэхэр.

ЗэрытщIэщи, ЩIым и купщIэр пщтырщ. АпхуэдизкIэ пщтырщи, щIыр къегъэкъуалъэри, гъуэзымрэ мафIэмрэ щIы лъабжьэм щIэмызэгъэжу, щIы щхьэфэм къыдрехуей. Апхуэдэущ ди Iуащхьэхэри (нэхъ тэмэму жыпIэмэ, вулканхэр) къызэрыунэхуар. Ди щIыпIэм щыIэ Iуащхьэхэр илъэс мелуани 4 мэхъу къызэрыунэхурэ. Хэт ищIэрэ, а зэман жыжьэм нэхъапэж лъэхъэнэ гуэрым къэунэхуауэ щыта, щэщэжа вулканым и Iуфэу къыщIэкIынкIэ хъунущ Хьеймащэ кумбри.

Мысырджэн МуIэед зэрыжиIэмкIэ, иджыблагъэ щыIащ Хьеймащэ икIи гъэщIэгъуэн гуэр илъэгъуащ:

- ЗэрыжысIащи, Хьеймащэ и кумбхэм ящыщу тIуращ псы зэрытыр. Ауэ иджы дыдэ ещанэ гъуанэр (метри 3 и бгъуагъщ) къэунэхуащ, псы иту. ЩIыр ехащ, убгъэдыхьэну шынагъуэщ. Зыми ищIэркъым а псыр дэнэ къикIми, ауэ языныкъуэ гъуанэхэм метри 150-рэ я кууагъщ, - жеIэ абы.

Къыхэгъэщыпхъэщ Къармэхьэблэ щыIэ, ШэдхъурейкIэ дызэджэ гуэлыр дызытепсэлъыхь бгъуэнщIагъ лIэужьыгъуэм зэрыщыщыр. Ди нэхъыжьхэм жаIэжу щытащ Шэдхъурей зы жэщым къэунэхуауэ, ар къыщыунэхуа жэщми а щIыпIэм деж нэху къыщекIыну щепсыха мэлыхъуэм и мэл гуартэр зэригъусэу щIилъэфауэ щытауэ. «Илъэс зыбжанэкIэ псыщхьэм мэлыцыр къыдрихьеящ абы иужькIэ», - жаIэж цIыхухэм.

**ФЫРЭ Анфисэ.**

# Дыгъэм дисыжыну хьэмэрэ уэшхым дилъэсыну?

**Иужьрей илъэсхэм щIыуэпсым хьэдэгъуэдахэу зыкъызэридзэкIри, зэрыщымытауэ зыкъыдигъэлъэгъуащ: Москва зэтезыкъута борэнхэр, гъэмахуэкум Мурманск щIэзыхъума уэсыр, машинэхэмрэ унащхьэхэмрэ зэтезыкъута уэр, къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зылъэса уэшх зэпымыухэр, Алтай щIыналъэм къыщепща жьышхуэхэр... Ар ди къэралым и закъуэкъым, нэгъуэщIхэми зыхащIащ щIыуэпсым къыщекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр. Уеблэмэ языныкъуэ щIэныгъэлIхэм хуагъэфащэрт «дуней къутэжыгъуэр» къэблэгъауэ.**

NATURE COMMUNICATIONS журналым иджыблагъэ къытехуащ США-м и Лъэпкъ Аэрокосмическэ IуэхущIапIэм игъэхьэзыра тхыгъэшхуэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, илъэсипщI хуэдэ дэкIмэ щIидзэнущ зэи мыувыIэжыну уэшхыр. Ар пэжмэ, зэман хьэлъэхэр къытпэщылъщ. НАСА-м и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, метеорологхэм щыуагъэшхуэу ящIэ дунейм и щытыкIэр щаджкIэ, тропикэм къыщхьэщыт пшэ Iувхэр мащIэ зэрыхъум гу зэрылъамытэр, мыхьэнэ зэрырамытыр.

Нэхъ гурыIуэгъуэу жыпIэмэ, зэпымычу гъэмахуэ здэщыIэ тропикым кIэщI-кIэщIурэ уэлбанэшхуэхэр къыщохъу, армырмэ, дыгъэм исыжынущ. Дызытепсэлъыхь пшэхэр а щIыпIэ жыжьэхэм мащIэ щыщыхъукIэ, гурыIуэгъуэщ уэлбанэри нэгъуэщI щIыналъэхэм зэрыIэпхъуэр, здэIэпхъуами зэи щамылъэгъуа уэлбанэу къызэрыщехыжыр. А псори къызыхэкIыр ЩIым и температурэр зэрыдэкIуейращ. Аращи, щIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ дяпэкIэ уэлбанэр куэду зэрыщыIэнур, ди гъащIэм зэрызихъуэжынур, апхуэдиз уэшхым насыпыншагъэ куэд къызэрихьынур.

Иужьрей илъэс 40-м ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм ириплъэжа нэужь, Америкэм и щIэныгъэлIхэм къахутащ тхылъ лъапIэхэм къыхэщыж Псыдзэшхуэм къытригъэзэнкIэ шынагъуэу. Пэжщ, абы тафэр зэрыщыту щIимыхъумэнкIэ хъунущ, ауэ иджыпсту тцIыху хадэхэкI, пхъэщхъэмыщхьэ куэд дэкIуэдынущ.

Псалъэм папщIэ, кIэртIоф хэзысэхэм фIыуэ ящIэ, абы псыр ебэкIмэ, зэрыфыр. Ауэ, щIэныгъэлIхэм жаIэр пэжмэ, хадэхэкIым и закъуэкъым, атIэ гъавэри кIуэдынурэ, тропикым щыпсэухэм я шхэкIэм техьэнущ мыдрей щIыналъэм щыпсэухэри.

Ар, ди гуапэ зэрыхъунщи, щIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ къудейуэ аращ, ауэ нэгъуэщI еджагъэшхуэхэм жаIэми узыгъэгуфIэн хэлъкъым. Мы лIэщIыгъуэм и кIэм Дыгъэр гуащIэIуэ хъуурэ, цIыхухэм я зыхуэдитIыр хуабэм иукIыну хуагъэфащэ. Псом хуэмыдэу, гугъу ехьынущ тропикым щыпсэухэр. Псалъэм папщIэ, 1995 гъэм, зэи къызэрымыхъуауэ, ЩIым и температурэр дэкIуеят. Абы щыгъуэ Чикаго щыпсэу цIыху 740-рэ хуабэм иукIауэ щытащ. 2003 гъэм - Париж цIыху мини 5, 2010 гъэм - Москва цIыху мини 10 щылIащ хуабэр яхуэмышэчу.

Пэжщ, иужьрей зэманым дунейм зэхъуэкIыныгъэшхуэ щокIуэкI, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар щIагъуэуи къыщIэкIынукъым. Иужьрей илъэси 5-м дунейм щIыпIэ-щIыпIэкIэ щыIа хуабэм хуэдэ зэи ялъэгъуатэкъым цIыхухэм. Псалъэм папщIэ, Японием щыIакъым градус 31-рэ. Абы къыхэкIыу, зы тхьэмахуэм къриубыдэу сымаджэщым щIэхуауэ щыта цIыху 450-м и зэхуэдитIыр лIат, хуабэр яхуэмышэчу.

КъищынэмыщIауэ, бадзэуэгъуэ мазэм Сыбырым градус 35-рэ щыIащ, Азие КурытымкIэ къикIа хьэуа пщтырым и ягъэкIэ. Испаниери аращ, зэи къэмыхъуа хуабэ - градус 43-рэ - щагъэунэхуащ. Индиер нэхъ шынагъуэжщ - абыхэм я термометрхэм тхьэмахуищкIэ къагъэлъэгъуащ градус 47-рэ! Зэи къэмыхъуа жьэражьэм ихьащ а къэралым щыпсэу цIыху 500, цIыху мелуан 330-рэ псыншэу къанэри, гугъу ехьащ.

Аращ ди насыпым къихьари, цIыхур щIыуэпсым щыщымысхьыж, ириха лейм и зэран къыщекIыж лъэхъэнэм дыщопсэу. Къытпэщылъым и пэжыр зы цIыхуми къыхуэщIэнукъым, дунейм зыкъызэрызэридзэкIынур къыпхуэщIэнукъыми. Хуабэм дисыжынуми, щIыIэм диукIынуми къэщIэгъуейщ, ауэ хьэкъщ щIагъуэкъым къытпэщылъыр. Ди ЩIыр Дыгъэм зэрисыжынур жызыIэ щIэныгъэлIхэм къызэрабжамкIэ, 2046 гъэм Пекинрэ Нью-Йоркрэ цIыху щыпсэужынукъым, хуабэр яхуэмышэчу дэIэпхъукIынущи, 2063 гъэм ар дыдэр и натIэ хъунущ Москваи.

Метеорологхэм къызэрахутамкIэ, мы гъэр хуабэ хъунукъым уеблэмэ уэлбанэ кIыхьу етхьэкIынущ. Гидрометцентрым и унафэщI Вильфанд Роман зэрыжиIамкIэ, гъэм и зэманхэр зэрыщытын хуейм хуэдэу зэблихъу мыхъуу, хуабэр хуабэIуэу, щIыIэр щIыIэIуэу илъэси 10-кIэ щытынущ. Ар нэхъ пэжу къызолъытэ, си щхьэкIэ.

**СИРОТКИН Максим,**
*«Самые великие» журналым къитхыжащ.*



# Къуацэгъур (Къуацэ хъурей - Коцехур, Кецехур)

● ЩIыпIэцIэхэр

**Мы фIэщыгъэр зезыхьэ къуршылъэ тхыцIэ джафэр Кавказ Шытх Нэхъыщхьэм къыхэщхьэхукI Абын бгым пэгъунэгъущ, метр 921-рэ и лъагагъщ.**

ТХАКIУЭ, егъэджакIуэ, лъахэхутэ Твёрдый Александр «Топонимический словарь Кавказа» и тхылъ телъыджэм зэрыщитхамкIэ, щIыпIэцIэр «къуацэ гъур», «къуацэ хъурей» мыхьэнэхэм хуэгъэкIуэгъуафIэ пэтми, апхуэдэ бгъэдыхьэкIэр купщIэншэу къэзылъытэхэри щыIэщ.

Уарохьэлтэ фIэщыгъэр «кхъуэ», «цэ» («дзэ»), «гъур» псалъэхэмкIэ зэпкърызыхыну хэтхэми, нэгъуэщIу жытIэмэ, «кхъуэм и дзэпкъ быдэ» мыхьэнэм хуэзыгъакIуэхэми.

Ковешников Вячеслав «Очерки по топонимике Кубани» и тхылъым къызэрыщигъэлъэгъуамкIэ, щыIэщ щIыпIэцIэр «къэухъуреихьам ику» мыхьэнэм хуэзыхьыну пылъхэри, абхъазыбзэм хэт «ака-цахур» - «хьэцыбанэ» псалъэм тезыгъэхуэну хущIэкъухэри.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



# Хъыбархэр



●ЭлектрокъарукIэ лажьэ кхъухьлъатэхэр Норвегием щызэпкъралъхьэ. Мы къэралым машинэу итым и процент 50-р зэрылажьэр аращ. Апхуэдэ нэгъуэщI щIыпIэ щыIэкъым икIи абы и хьэтыркIэ, Норвегием и щIыуэпсыр нэхъ хъумауэ къызэтенащ. Ар къалъытэри, къэралым и унафэщIхэм къыхалъхьащ электрокъарукIэ лажьэ кхъухьлъатэхэри яухуэфмэ, я Iуэхур нэхъыфIыж хъуну. ЗэрыжаIэмкIэ, 2040 гъэм ирихьэлIэу ар къехъулIэнущ.

●Гъатхэпэм и 22 - 23-хэм Москва щекIуэкIынущ «Экология» зыфIаща дунейпсо зэхуэсыр. Псым и дунейпсо махуэшхуэм ирихьэлIэу ар къызэрагъэпэщ УФ-м и Къэрал Думэм, УФ-м ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм, УФ-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм, нэгъуэщIхэми. Абы хэтынущ Урысейм и щIыналъэ 70-мрэ хамэ къэрали 10-мрэ я лIыкIуэу цIыху 1200-рэ.

# Къуалэбзухэр адыгэбзэкIэ

**Серый журавль** - кърy.
**Кавказский сокол** - къыр къэргъей.
**Лебедь** - къыу.
**Грач** - къуанщIэ.
**Сизоворонка** - къуаргъкъащхъуэ.
**Кеклик** - къуршджэд.
**Чёрный гриф** - къуршыбгъэ.
**Юрок** - къущхьэжэнэтбзу.



**Кавказский поползень** - къущхьэкъэбцIацIэ.
**Фламинго** - лъакъуапцIэплъыфэ.
**Фазан** - мэзджэд.
**Ушастая сова** - мэзжьынду.
**Горлица** - мэзтхьэрыкъуэ.
**Коростель** - мэкъупIэджэд.
**Лесной жаворонок** - мэзхуэусэ.
**Полевой конёк** - мэкъущIэж.
**Полевой жаворонок** - мэлыхъуэбзу.
**Белая трясогузка** - мывэкIэпыс.
**Священный ибис** - мысырбзу.
**Тетерев** - мысырджэд.
**Малый зуек** - ныбэхубзу.
**Кавказский дубонос** - пэгъум.
**Колпица** - пэхьэнцэбзу.
**Красноголовый королёк** - псейбзу.
**Лысуха** - псыджэд.
**Зимородок** - псыкъуаргъ.
**Чечевица** - псысхуолIэ.
**Кваква** - псыхэуэпщагуэ.
**Бекас** - сыр-сыр.
**Чибис** - темэнпсычэт.



**Змееяд** - тынужь.
**Соловей** - уэрэдбзу.
**Чайка** - хытхьэрыкъуэ.
**Черный стриж** - хьэпцIащхъуэ.
**Удод** - хьэрхьуп.

# Къафэм къыхуигъэщIа

● Фэеплъ

**РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и профессиональнэ гъуазджэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа, къэрал псом и къэфакIуэ цIэрыIуэу щыта Шэру Соня къызэралъхурэ мазаем и 28-м илъэс 90 ирикъуащ.**



1929 ГЪЭМ Къармэхьэблэ (иджы Каменномост) къуажэм къыдэхъуащ сабийуэ зи гур къафэм ихьэхуа, и ныбжьым хуумыгъэфэщэнуи телъыджэу къызэхъулIэу щыта хъыджэбзыр. Япэ дыдэу ар наIуэ щыхъуар и унагъуэм щита «концерт-хэрщ». Курыт еджапIэм зэрыщеджэм къыдэкIуэу художественнэ самодеятельностми жыджэру хэтащ Соня. Я къуажэ школым и къэфакIуэ гупым пашэу зэрызыкъыщигъэлъэгъуам ар и IэщIагъэм хуишауэ къэплъытэ хъунущ.

Каменномост къуажэм и курыт еджапIэм и къэфакIуэ гупым хэта Соня къафэм щиIэ зэфIэкIыр щигъэлъэгъуауэ щытащ Дзэлыкъуэ районым и художественнэ коллективхэм я еплъыныгъэм. Районым щызэхуэса къэфакIуэхэм куэдкIэ ефIэкIыу къалъытэри, ар зыхэт гупыр Налшык къашат республикэм и художественнэ самодеятельнэ коллективхэм я еплъыныгъэм. Соня абы къызэрыщыфар ягу ирихьащ, ансамблым хэбгъэхьэ хъунуи къалъытащ.

Адыгэ лъэпкъ къафэхэм сыт щыгъуи хуищI гулъытэмрэ хуиIэ гукъыдэжымрэ къыпхуэмыIуэтэн хуэдизу инт. «Мыхэр узот, къафэм и гуащэ цIыкIу», - жиIэри, и анэшхуэм Соня зэгуэр къыхуигъэдэхат пхъуантэм къыдиха, налмэсу зэщIэлыдэ тажыр, налкъуткIэ гъэщIэрэщIа лэрыпсымрэ тхьэгъухэмрэ. Хэт ищIэрэ, вагъуэ цIу лъэщ хъыджэбзыр хъуным и щIэдзапIэр а дакъикъэхэр арагъэнкIи хъунущ е художественнэ самодеятельностым и республикэ зэпеуэ здекIуэкIым Кавказ Ищхъэрэм и пшынауэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ Къашыргъэ КIурацэ Дзэлыкъуэ районым къикIа хъыджэбз цIыкIур и теплъэкIи и зэфIэкIкIи адрейхэм куэдкIэ къазэрыхэфIыкIым гу щылъитарауэ къыщIэкIынущ...

Апхуэдэу, 8 классыр къиухауэ, 1946 гъэм Шэру Соня хагъэхьащ а зэманым ирихьэлIэу икъукIэ цIэрыIуэ хъуа Къэбэрдей-Балъкъэрым уэрэдымрэ къафэмкIэ и ансамблым икIи илъэс тIощIым щIигъукIэ щылэжьащ. Япэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ гупым хэт псори абы къыдэIэпыкъуащ. Ауэ, а псом хуэмыдэу гулъытэ къыхуищIащ Исаковэ Галинэ. Шыпхъу нэхъыжьым хуэдэу абы и нэIэ къытригъэтащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, Соня Къашыргъэ КIураци анэ пэлъытэу къыхущытащ, адыгэ нэмысыр, лъэпкъ хабзэр сценэм щыхъумэн зэрыхуеймкIэ иущиящ, ди къафэхэм дахагъэу, щэныфIагъэу, Iэдэбагъыу яхэлъхэр нэхъ наIуэу гъэлъэгъуа зэрыхъунум иригъэсащ. А зэманым ансамблым и балетмейстеру щыта Атэлыкъ Аслъэнджэрии зэман куэд тригъэкIуадэу Соня къыдэлэжьащ. Ахэр псори къэщхьэпащ ансамблым и репертуарым хэт ди лъэпкъ къафэхэр абы псынщIэу, фIыуэ зригъэщIэнымкIэ.

А гуп гъуэзэджэм Шэрур зэрыхэта илъэсхэм къриубыдэу ди къэфакIуэхэр союзпсо, дунейпсо фестивалхэм я лауреат зыбжанэрэ хъуащ. «Соня хуэдэу къофэ» жаIамэ, пщащэхэм дежкIэ щытхъухэм я нэхъ лъапIэт. Абы и къэфэкIэу щытар нобэр къыздэсым куэдым къахуэмыIуэтами, гурыIуэгъуэ хъуар зыщ: ар къафэм и щэху псори къызэIузыхыфа къэфакIуэт. Дыдейхэм хуэдэу, нэгъуэщI лъэпкъхэм я къафэхэри Соня утыкум куэдрэ щигъэлъэгъуащ. Апхуэдэщ куржыхэм я «Картули», осетинхэм я «Симд» къафэхэр, азербайджанхэм я «Хъыджэбз къафэр», нэгъуэщIхэри.

И къару емыблэжу зэрылэжьам, езыр цIыху уардэу, удихьэхыу зэрыщытам я фIыгъэкIэ, Шэру Соня Кавказым и къэфакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ хъуащ. Абы «къафэм и гуащэкIэ» еджэрт. Шэру Соня кинофильмхэмрэ телефильмхэмрэ мызэ-мытIэу хэтащ. Абы республикэм и лъэпкъ къафэм зегъэужьыным къаруушхуэ хилъхьащ, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ иджыпсту хуэлажьэхэм ящыщ куэд а гъуэгуанэм тригъэуващ.

И IэщIагъэм хуэфащэ гулъытэ хуищIу ар зэрыбгъэдэтам и щапхъэщ Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэририкъум и щIыхькIэ Москва щагъэлъэгъуэну концертым зэрегугъуар. 1957 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м, ди республикэм и Художественнэ гупхэм я зэгухьэныгъэхэм я Унэм и Колоннэ залым щата концертым и программэр езыгъэкIуэкIар Шэру Сонящ. КIэухыу Театрышхуэм щата концертыр Сонярэ КIуэкIуэ Тамарэрэ зэдрагъэкIуэкIащ. Абы ирихьэлIэу Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ и «ИгъащIэкIэ Урысейм и гъусэу» фэеплъыр щаухуэм, Шэру Соня и теплъэм ар тращIыкIыныр зэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхукъым. Къэралым и къалащхьэм щыцIэрыIуэ художникхэу Махтинымрэ Листопадовымрэ куэдрэ хэплъа нэужь, адыгэ пщащэм и шыфэлIыфэ псори зыхэлъу къалъытар Соняти, абы къытеувыIауэ щытащ. Ар Ленинград (иджы Санкт-Петербург) ирагъэблагъэри, лъэпкъ фащэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыгъыу сурэт гъэщIэгъуэн куэд трахат, уеблэмэ езы сурэтыщIхэми адыгэ пщащэм и дахагъэр я лэжьыгъэхэм къыщагъэлъэгъуат. КъищынэмыщIауэ, ди республикэм куэд щIауэ щылажьэ икIи щыпсэу художник Третьяков Николай Соня лъэпкъ фащэкIэ хуэпауэ сурэтышхуэу ищIащ 1973 гъэм. «Шэру Соня къофэ» зыфIища и усэм Къэшэж Иннэ къыщегъэлъагъуэ абы и къэфэкIэр зылъагъухэм гуапагъэ инрэ дэрэжэгъуэкIэ яхуэупсэу зэрыщытар. ПцIы зыхэмылъыжырщи, зи къэфэкIэ хьэлэмэтыщэм теухуауэ «Дыгъэ къуэмыхьэж» усэр Къэшэж Иннэ щIитха, зи дахагъэр Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэней и скульптурэ образ хъуа Шэру Соня гъуэгуанэ дахэ къикIуащ.

- 1957 гъэм Москва щекIуэкIащ ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я союзпсо фестивалымрэ VI Дунейпсо фестивалымрэ. Абыхэм хэтащ ди ансамблым и щIалэгъуалэ къэфакIуэ 20 икIи союзпсо зэхыхьэм етIуанэ увыпIэр къыщахьащ. VI Дунейпсо фестивалми япэ увыпIэр къыщыхуагъэфащэри, дыщэ медалрэ нэгъуэщI саугъэтхэмрэ къыхуагъэфэщащ.

Союзпсо, дунейпсо фестивалхэм лъэпкъ къафэхэмкIэ щекIуэкIа художественнэ зэпеуэхэм ди къэфакIуэхэм щагъэлъэгъуащ «Къафэр», «Уджыр», «Ислъэмейр». «Къафэмрэ» «Ислъэмеймрэ» зэдагъэзэщIащ Шэру Сонярэ Къашыргъэ Билалрэ. 1957 гъэм «лауреат» цIэ лъапIэр тIэуней зыфIаща ансамблым Шэру Сони яхэтащ.

Гупым щыща къэфакIуэхэм къызэраIуэтэжымкIэ, Къашыргъэ КIурацэ хуэдэу «Къафэр» екIуу, гуакIуэу, гуапэу, Iэдэбагъ хэлъу игъэзащIэу ансамблым иIа къэфакIуэхэм ящыщ зыщ Соня. Абы и Iэпкълъэпкъым адыгэ фащэр екIуу щымыгъыу утыку зыми щилъэгъуакъым, нэжэгужагъэмрэ гуапагъэмрэ и нэгум щIэмыту, игъэзащIэ къафэм игури и псэри емытауэ. Абы и лэжьыгъэр усакIуэхэми, тхакIуэхэми, сурэтыщIхэми ягу дыхьэрт, къэфакIуэ телъыджэм и образыр абыхэм я творчествэм къыщагъэлъагъуэрт.

Ансамблым и гупым и гъусэу къэфакIуэ пажэм и зэфIэкIыр щимыгъэлъэгъуа щIыпIэ куэд къэралым щыбгъуэтынукъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ гъуазджэмрэ литературэмрэ зыгъэлъагъуэхэм, зыгъэлъапIэхэм ар сыт щыгъуи яхэтащ. Апхуэдэу ди республикэм и литературэмрэ гъуазджэмрэ я махуэхэр Латвием 1965 гъэм, РСФСР-м и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ Москва 1967 гъэм щыщагъэлъэгъуам Соня гукъинэжу утыку итащ.

1957 гъэр Соня хуэугъурлащ. А гъэм мэкъуауэгъуэм абы къыфIащащ «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м щIыхь зиIэ и артисткэ» цIэр. Зы мазэ дэкIри, Шэрур РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ хъуащ. Къафэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ Шэру Соня кърататащ ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденыр, «Псэемыблэжу зэрылажьэм папщIэ» юбилей медалыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и ЩIыхь тхылъыр.

«1968 гъэм «Кабардинка»-м иужь дыдэу сыкъыщыфэрт, - игу къегъэкIыж Соня. - Сегупсысырт: мис иджы тыншу сыпсэунщ, срикъуху сыжеинщ, сышхэнщ, зызгъэпсэхунщ... СынасыпыфIэу зыкъэслъытэжырти, сылъэтэным хуэдэт. Ауэ си гъусэу къафэ Алэкъей Мухьэмэд нэхъыфI дыдэу слъагъу адыгэ фащэр утыкум къыщрихьэм, си гъащIэр иухауэ къысщыхъуащ. А дакъикъэм си лъакъуитIыр самыIыгъыжыным хуэдэу щIэщIащ, ауэ цIыхухэм гу зылъезмыгъэтэн слъэкIащ. ИужькIэ унэм сыщашэжым, сыкъыщиудри сыгъащ. Сэ сесат удз гъэгъахэр къызату, сагъэлъапIэу утыкум ситу, сесат хамэ къэралхэм, нэгъуэщI къэралхэм сыкIуэу. 1957 гъэм Дунейпсо фестивалым дыщэ, дыжьын медалхэр къыщызатат...».

Утыкур къигъэна нэужь, Соня адыгэ къафэм хуэлэжьэныр зэпигъэуатэкъым. «Искож» комбинатым илъэс 11-кIэ балигъ, сабий къэфакIуэ ансамблхэр, хор, уэрэджыIакIуэ гупхэр къыщызэригъэпэщат. КъищынэмыщIауэ, ар ядэлэжьащ «Эльбрус», «Комсомолец» зыгъэпсэхупIэхэм, школхэм, нэгъуэщI еджапIэхэм я къэфакIуэ гупхэм.

Шэру Соня зэи ягу ихужыркъым абы къафэм щиIэ зэфIэкIым, и Iэзагъэм дихьэхыу, ар къэзыцIыхуу щытахэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**





# Сурэттехым и дунейр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

**Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм щагъэлъагъуэ «Дзасэжь Фася и таурыхъхэр» выставкэ щIэщыгъуэр.**

СУРЭТТЕХ Дзасэжь Фася и ныбжькIэ щIалэми, и лэжьыгъэхэм журнал куэд щIоупщIэ. «Адыгэхэр» фондыр и дэIэпыкъуэгъуу, Москва нэгъабэ къыщызэрагъэпэща «Оттенки черкесского» гъэлъэгъуэныгъэми абы и сурэтхэр хагъэхьащ. КъищынэмыщIауэ, Фася игъэхьэзыращ социальнэ проект зыбжанэ.

Выставкэм Фася и сурэт 40-м щIигъу щагъэлъагъуэ. Абыхэм нэхъыбэу къызэщIаубыдэр сабийхэращ. А цIыкIухэр я ныбжькIи, теплъэкIи, ящыгъ фащэкIи зэщхьэщокI. Языныкъуэ лэжьыгъэхэм щIыуэпсым и дахагъэри хыболъагъуэ. Адрейхэм сабийхэр я адэ-анэхэм я гъусэу, зэрыджэгу хьэпшыпхэр е фIыуэ ялъагъу псэущхьэхэр яIыгъыу къыхощ. Дэтхэнэри щIэщыгъуэщ, удэзыхьэхщ. Сурэтхэр зытраха ныбжьыщIэ куэдым гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахми зыкърагъэхьэлIащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Тау Ритэ** къытеувыIащ ди хэкуэгъу сурэтыщI цIэрыIуэ Шемякин Михаил и деж кIуэуэ Франджым щеджа Дзасэжь Фася езым и хъэтIрэ Iуэху еплъыкIэрэ зэриIэжым, абы проект гъэщIэгъуэнхэр зэригъэхьэзырам, и сурэтхэмкIэ гъэдэха тхылъ иджыблагъэ къызэрыдэкIам.

Зэхыхьэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI **Накуэ Феликс**, музейм и къудамэм и унафэщI **Леонтьевэ Нинэ**, нэгъуэщIхэри.

Дзасэжь Фася жиIащ и лэжьыгъэхэр зы гъэщIэгъуэн гуэр зыхилъагъуэ къызэрыгуэкI сабийхэм зэрытриухуар. Абы фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музеймрэ я лэжьакIуэхэм, выставкэр къызэрыхузэрагъэпэщам папщIэ.

Лэжьыгъэхэм еплъыну гукъыдэж зиIэхэм Iэмал яIэщ гъатхэпэм и 15 пщIондэ музейм зыщаплъыхьыну.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Хъуэхъу



***Аруан районым хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм щыпсэу Иуан Ларисэ Хьэзрэт и пхъум ЦIыхубзхэм я махуэ лъапIэмкIэ дохъуэхъу***

Узыншагъэ быдэ уиIэу, дунейм гу щыпхуэу, уи щIэблэм я хъер, я ехъулIэныгъэ плъагъуу, абыхэм уащыгуфIыкIрэ уи гукъыдэжыр къаIэту, дэрэжэгъуэм ущымыщIэу, фIыгъуэр уи жьэгу дэмыкIыу, уи пщIэр лъагэу, насыпыр къыбдекIуэкIыу, уефIакIуэу, уи плъапIэ псори къохъулIэу Тхьэм куэдрэ уигъэпсэу!

***Уи щхьэгъусэ Алим, уи бынхэу Iэдэмрэ Аидэрэ, уи нысэ Залинэ, къуэрылъхухэу Тембулэт, Джамбулэт, Къантемыр, Динарэ, пхъурылъху Арианэ сымэ.***

# Гъатхэпэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

● Футбол

***Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп***

***ТIощIрэ езанэ джэгугъуэ***
**Гъатхэпэм и 10**
(щэбэт)
«Анжи-2» (Мэхъэчкъалэ) - «Академия» (Дон Iус Ростов)
«IэфIыпс» (IэфIыпс) - «Армавир» (Армавир)
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Кубань-2» (Краснодар)
«Краснодар-2» (Краснодар) - «Чайка» (Песчанокопское)
«Дружба» (Мейкъуапэ) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)
СКА (Дон Iус Ростов) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ)
«Ангушт» (Нэзрэн) - «Спартак-Владикавказ» (Владикавказ)

**Гъатхэпэм и 13**
(гъубж)
«Академия» - «Мэшыкъуэ-КМВ» *(етIощIанэ джэгугъуэм щыщщ)*

**Гъатхэпэм и 14**
(бэрэжьей)
«Легион Динамо» - «Ангушт» *(етIощIанэ джэгугъуэм щыщщ)*

***ТIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ***
**Гъатхэпэм и 17**
(щэбэт)
«Академия» - «IэфIыпс»
«Динамо-Ставрополь» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Чайка» - «Дружба»
«Биолог-Новокубанск» - «Краснодар-2»
«Легион Динамо» - СКА
«Спартак-Владикавказ» - «Спартак-Налшык»
«Ангушт» - «Черноморец» (Новороссийск)
«Кубань-2» - «Анжи-2»

***ТIощIрэ ещанэ джэгугъуэ***
**Гъатхэпэм и 24**
(щэбэт)
«Анжи-2» - «Динамо-Ставрополь»
«IэфIыпс» - «Кубань-2»
«Черноморец» - «Армавир»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Чайка»
«Дружба» – «Биолог-Новокубанск»
«Краснодар-2» - «Легион Динамо»
СКА - «Спартак-Владикавказ»
**«Спартак-Налшык» - «Ангушт»**

***ТIощIрэ еплIанэ джэгугъуэ***
**Гъатхэпэм и 31**
(щэбэт)
«Чайка» - «Анжи-2»
«Динамо-Ставрополь» - «IэфIыпс»
«Академия» - «Армавир»
«Биолог-Новокубанск» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Легион Динамо» - «Дружба»
«Спартак-Владикавказ» - «Краснодар-2»
«Ангушт» - СКА
«Спартак-Налшык» - «Черноморец»

# ЩэщIрэ езанэу зэкIэлъхьэужьу

● Волейбол

**Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу Къэхъун дэт курыт еджапIэ №1-м щызэхэтащ щалъхуа щIыналъэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа я къуажэгъухэр иджыри зэ ягу къыщагъэкIыжа волейболымкIэ фэеплъ зэхьэзэхуэ.**

КЪЭХЪУН къуажэм илъэс къэс мы зэманым щокIуэкI Афганистаным щыхэкIуэда НэгъэцIу Хьэсэнбий волейболымкIэ и фэеплъ зэхьэзэхуэ. Мы гъэм ар щэщIрэ езанэу зэхаублащ. Курыт еджапIэ №2-м физкультурэмкIэ и егъэджакIуэ, пщIэрэ щIыхьрэ иIэу илъэс куэдкIэ лэжьа Къуэшы Музэчыр и цIэри иужьрей лъэхъэнэм абы дыщIагъуащ.

Курыт еджапIэ №1-м и спорт пэшым щекIуэкIа зэхьэзэхуэм къызэхуишэсат Нарткъалэ, Шэрэдж Ищхъэрэ, Ташлы-Тала, Жэмтхьэлэ Ищхъэрэ къуажэхэм, хэгъэрейхэм я командэхэмрэ ветеранхэмрэ.

Зэхьэзэхуэм илъэс къэс и къызэгъэпэщакIуэ емызэшыж Гулэжын Беслъэн, Къэхъун дэт курыт еджапIэхэм я директорхэу ХьэхъупащIэ Iэминрэ Джатокъуэ Хьэуелэрэ, къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къандэхъу Леонид, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хэт Бажэ Дотий сымэ зэпеуэм хэтхэмрэ абы еплъыну къэкIуахэмрэ пэублэ псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэ Кабалоев Мурадин ар зэраубзыхуа щIыкIэм къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ.

Мазаем и 23-м и махуэ псом гуащIэу екIуэкIащ зэпеуэр. Абы текIуэныгъэр къыщахьащ Ташлы-Тала къуажэм къикIахэм. Япэ увыпIэм щыщIэбэна кIэух зэIущIэм щызэхаубла бэнэныгъэ гуащIэм ахэр щефIэкIащ Шэрэдж Ищхъэрэ къикIахэм. Нарткъалэ и волейболистхэм ещанэ увыпIэр ялъысащ.

Фэеплъ кубокыр, дипломхэр, медалхэр, саугъэт щхьэхуэхэр къыхэжаныкIахэм хуагъэфэщащ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

# ЕтIуанэ джэгугъуэри зэхэташ

● Зэпеуэхэр

**Налшык къалэ дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щызэхэтащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIуэкI «Джэгурэш» нэгузыужь зэпеуэм и 4-нэ зэхыхьэм и 2-нэ джэгугъуэр. Я гушыIэ нэдыр къатIатэу, абы илъхэр утыкум кърапхъэну хьэзыру еджапIищ зэрихьэлIат: Бахъсэн къалэ дэт, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ 2-нэ курыт еджапIэм щыщ «Уей, уей, Кушмэзыкъуей», Къамылыкъуэ къуажэ дэт курыт еджапIэм къикIа «Нартыху пIэнкIхэр», Мэртэзей къуажэ дэт, Къанкъуэщ Ахьмэдхъан и цIэр зезыхьэ 3-нэ курыт еджапIэм щыщ «Мэртэзей налкъутхэр» гупхэр.**



КЪЭПЩЫТАКIУЭХЭУ кърагъэблэгъат: Налшык дэт 1-нэ гимназием и егъэджакIуэ Махуэ Маринэ, Лашынкъей дэт 1-нэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэ Къуэныкъуей Раисэ, Шэджэм къалэ дэт 1-нэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэ Къардэн Олеся, Кэнжэ дэт 20-нэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэ Къэзанш Нинэ, Адыгэбзэ Хасэм и Хасащхьэм хэт, хьэрычэтыщIэ Шыкъ Гупсэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Хьэгъэжей Беслъэн, Налшык къалэ дэт 14-нэ гимназием тхыдэмкIэ и егъэджакIуэ Къэбардэ Астемыр сымэ.

«Ди къуажэр Европэ зэгухьэныгъэм хохьэ» псалъащхьэр зиIа мы джэгугъуэр Iыхьищу гуэшауэ щытащ: япэр - «Зыкъывыдогъэ-цIыху: «Нобэ ди хэдэрыхэшщ: лIыкIуэхэр къыхыдох», етIуанэр - «Зыгъэпсэхугъуэ Iыхьэ: «Ди къуажэ лIыкIуэхэр Европэ зэгухьэныгъэм макIуэ...», ещанэр - «Макъамэу зэхэлъ Iыхьэ: «Европэм пIэщIэгъуэкIэ адыгэбзэ зрегъащIэ...» жыхуиIэ фIэщыгъэр иIэу. Дэтхэнэ зы Iыхьэми гуп къэскIэ хухахар дакъикъэ пщыкIутIт.

Гуп къэскIэ кърипцIыхуу фащэ дахэ дыдэхэр ящыгът. Сабийхэр мы Iуэхум зэрыдихьэхыр, яфIэгъэщIэгъуэну, гугъу зрагъэхьу зэрызагъэхьэзырар я утыку итыкIэмкIэ плъагъурт. Ахэр хущIэкъурт зэман хухахам тету, я бзэм и къабзагъыр, къаIэта Iуэхум и мыхьэнэр здынэсыр, къагъэлъагъуэм щIэлъ щIагъыбзэр, щыджэгу теплъэгъуэм хэшыпсыхьауэ зэрыщытыр къэпщытакIуэхэм я пащхьэ иралъхьэну.

Гупхэм фIы дыдэу загъэхьэзыра пэтми, абыхэм яхэтащ зи хъыбарыр нэхъ дыхьэшхэни, зи теплъэгъуэр нэхъ гъэщIэгъуэни, зи къэфэкIэр нэхъ дахи, бзэр нэхъ дахэу зыгъэбзэрабзи. Джэгугъуэ къэскIэ гупхэм къахьа баллхэр зэхалъхьэ-жа нэужь, япэ увыпIэр хуагъэфэщащ «Нартыху пIэнкIхэр» гупым. ЕтIуанэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ «Мэртэзей налкъутхэм». Ещанэ хъуахэщ «Уей, уей, Кушмэзыкъуей» гупыр.

Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат зэIущIэр щызэхуищIыжым и псалъэм къыхигъэщащ джэгугъуэ къэскIэ и гур хэзыгъахъуэ куэд зэрыщилъагъур, адыгэм къыщIэхъуэ щIэблэмкIэ зэрыгушхуэр, абыхэм я блэкIар зэращIэр, я къэкIуэнур дахэ зэращIыным зэрыхущIэкъур нобэ иджыри зэ и фIэщ зэрыхъуар икIи адэкIи IуэхуфIхэр къайхъулIэну ехъуэхъуащ цIыкIухэм.

Утыкум щыджэгуа сабийхэми, абыхэм гугъу задезыгъэхьу зыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэми фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр иратащ.

*Тхыгъэри сурэтыри* **ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ** *ейщ.*

# Шумахуэ ХьэзрэIилрэ Хъупсырджэн Албэчрэ фрагъэблагъэ

● Гу зылъытапхъэ



Музыкэ къэрал театрым гъатхэпэм и 15-м концерт дахэ щызэдатынущ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ артист Шумахуэ ХьэзрэIилрэ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Хъупсырджэн Албэчрэ.

Программэм хэтынущ адыгэ, урыс, иджырей уэрэдхэр, лъэпкъ уэрэдыжьхэр. Пшыхьым щыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.



Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ I Изэ.



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымкIэ, экологиемрэ спортымкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* ДыщэкI Соня, *редактору* Жыласэ Заурбэч, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2-нэ нап.),* Щоджэн Заирэ *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Нэужьокъуэ Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.139 ● Заказ №214